

**МАДДÆЛОН ÆВЗАГ НЕЦÆЙЙАГ КÆМÆН ÆЙ, УОМÆН МАДÆ ДÆР НЕЦÆЙЙАГ ÆЙ!..**

*Константин УШИНСКИЙ (1823-1871), номдзуд ахургæнæг, финсæг: «Цалинмæ адæмон æвзагбæл адæм дзорунгъон уонцæ, уæдмæ уодзæнæнцæ адæм. Æма адæмæн сæ фидтæлтæй, æгæрон берæ фæлтæртæй ка байзадæй, еци бунтæ, еци есбон (гъома, æвзаг) байсунæй æверхъаудæр тухмиуæ нæйес. Адæммæ цидæриддæр ес, уой син байсæ – уæддæр бабæй сæ нæуæгæй раздахдзæнæнцæ, фал син байсæ се 'взаг æма 'й нæуæгæй нæбал исараздзæнæнцæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№18 (1034) 2026 анзи 16 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


**ЦÆГАТ ИРИСТОНИ 15 МАЙИ БÆРÆГГОНД ЦУДÆЙ НÆ МАДДÆЛОН ÆВЗАГИ ÆМА ЛИТЕРАТУРИ БОН**

## ЦИТГИЙНАГ НИН ÆНЦÆ ÆНОСТÆМÆ...



МАЛИТИ Геуæрги

ТЕМУРХЪАНТИ Сослани

**Нæ Иристони разагъди лæгтæй дууей – Малити Гадой фурт Геуæрги æма Темурхъанти Гаврили фурт Сослани къартæ хумæтæги нæ мухур кæнæн. Кæд еске барæ даруй, цæмæй цитгингонд æрцæуа нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бони фæдбæл мадзæлтти рæстæг, уæд уонæн сæ фиццæгтæй æнцæ аци дууæ номдзуд адæймаги дæр. Нæ Иристон рæстзæрдæй кæд еске уарзта æма ин алæмæти агъазиау хуæрзтæ еске фæцæй, уæд аци дууæ хъиамæтгун лæги. Уотемæй ба…**

**Зæгъæн, аци анз 3 апърели Темурхъанти Сослани райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма авдинсæй анзи (1881-1925). Фал аци цау æргъудигæнæг ба нæ фæцæй. Æнæмæнгæ гъудæй æ рохс ном ин æримисун, æ берæ æскъуæлхтдзийнæдтæ ин нимайгæй. Уони фæдбæл цæуй дзубанди, мæнæ ин абони æ номерæнæн нæ газети ци æрмæгутæ мухур кæнæн (2-аг æма 5-аг фæрстæбæл), уонæми.**

**Иннæ хабар. Хъæбæр рагæй цудæй дзубанди, цæмæй аци анз нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бони сæрмагондæй арæзт мадзæлттæ куд æрцæуонцæ Малити Геуæргий номерæнæн. Уомæн бæлвурд рæуагæ дæр ес – аци анз æ райгурдбæл æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1886-1942). Фал, аци æнæмæнгæ æнхæст кæнуни аккаг гъуддаги фæдбæл фæндонмæ æригъосæг дæр бабæй нæ фæцæй. Уогæ уæддæр Дигори дзиллæ сæхе хъæппæресæй Малити Геуæргий номерæн мадзал исаразтонцæ Дзæуæгигъæуи æ циртдзæвæни рази.**

## БÆРÆГБОНИ АРФИТÆ

### ЦÆРÆД ÆМА ИРÆЗÆД НÆ МАДДÆЛОН ÆВЗАГ



Æзинæ, 15 майи бæрæггонд цудæй нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бон. Уой фæдбæл Цæгат Иристони цæргутæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æма æ арфи нистауæни уотæ баханхæ кодта: «Махæн нæ маддæлон æвзаг айдагъ дзубандий фæрæзнæ нæй. Е æй имисуйнади, истори, дуйне лæдæрундзийнади, фæлтæрти 'хсæн бастдзийнадæ. Е æй нæ адæми уод, нæ културæ, традицитæ æма уодигъæдæ.

Æвзаг адæмæн æй æ културон бундор, æ истори. Æнæ уомæй нацийæн нæййес хе цæсгон, исонибон. Махæн не 'взаг нæ фидтæлтæй байзадæй устур хæзнай хузæн æма 'й гъæуй гъæуай кæнун. Хæдзари маддæлон æвзагбæл дзубанди ку нæ игъуса, уæд цийфæнди закъонтæ ку исфедар кæнæн, уæддæр маддæлон æвзаг уомæй нæ фæхъхъаурæгиндæр уодзæнæй.

Уомæ гæсгæ ба мæ фæндуй, цæмæй алли хæдзари, алли кусти бунати дæр алкæддæр изæла маддæлон æвзаг, кæстæртæ дзоронцæ маддæлон æвзагбæл æма нæ маддæлон дзурди фарнæ изолдæр хæссонцæ...»

* * *



Цæгат Иристони дзиллæн нæ маддæлон æвзаги æма литератури Бони фæдбæл зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Парламенти сæрдар **Тускъати Таймораз** дæр. Æма æ арфи нистауæни уотæ баханхæ кодта: «Нæ бæсти цæрæг еугур адæмти маддæлон æвзæгтæ гъæуай кæнун ке гъæуй, Уæрæсей Адæмти еудзийнади анзи дзамани уой сæрмагондæй бафеппайун гъæуй. Æности дæргъи аллихузон културитæ нимад адтæнцæ бæсти айдагъ сæйраг хæзнатæбæл нæ, фал еугур адæмти 'хсæн еудзийнади, федуд æма æмзæрдæдзийнади бундорбæл дæр.

Мæ хъазар æмзæнхонтæ! Нæ национ бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд! Махæй алкедæр гъæуама лæдæра, нæ адæми историмæ барæ ке даруй æма нæмæ нæ адæми исонибони фæдбæл бæрнондзийнадæ ке хауй, уой, æма аци бæрæгбон нин нæ еци табуйаг ихæс нæ зæрдæбæл никкидæр ма еума хатт куд æрлæууун кæна. Уадзæ æма нæ хæдзæртти еудадзуг изæла маддæлон æвзаг, догтæ æма фæлтæрти 'хсæн бастдзийнадæ куд нæ фесæфа, уотæ!


НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР

*АБАЙТИ Васо (1900-2001), ахургонд: «Бæласæ рахъан уй, мæри ин æ уедæгтæ ку ралух киндæуй, уæд. Æвзаг рамæлуй, бийнонти 'хсæн ин æ уедæгтæ ку ракъуæронцæ, уæд. Уомæ гæсгæ гъæуама ни алкедæр исæвæра уæхæн федар фæткæ: бийнонти 'хсæн гъæуай кæнон æма кæдзосæй хæссон мæ маддæлон æвзаг...»*

КÆМÆНДÆР, ДАН, Æ КУРОЙНÆ РЕВÆДÆЙ ФÆЗЗИЛДÆЙ, ÆМА, ДАН, Æ САРСИЙНÆ ДÆР ФЕХСТА... НЕ 'ВЗАГИ ИРИСХЪÆ ДÆР УОТÆ КУ НÆ РАУАЙИДÆ...


МАЛИТИ Геуæргий номерæнæн æзинæ, 15 майи Дзæуæгигъæуи æ циртдзæвæни рази ци цитгин мадзал арæзт æрцудæй, уой архайгутæ.

# «КА НÆ ЗОНУЙ МÆН ГУЗАВÆ...»

Малити Геуæрги æ номдзуд æмдзæвгитæй еуеми («Тæходуй, æна...») уотæ бабæлдтæй:

Тæходуй, æна,
Ацæмæзау дин
Æз ку фестинæ
Дессаг фæндургин:
Хъазбеги цъонгмæ
Исцæйцæуинæ,
Дессагон зартæ
Æрцæйцæгъдинæ...

Уæд еугур дуйне
Æримбурд уидæ,
Мæ цæгъдтæлтæмæ
Æригъосидæ.
Кæми ци седзæр,
Кæми ци мæгур, –
Бауарзиуонцæ
Мæ дессаг фæндур...

Аци æмдзæвги медес фæйнæхузи хатунцæ – æцæг, еумæйаг ба си æй еу сæйраг гъуди: поэт æ рæстзæрдæдзийнадæй бæллуй, цæмæй адæмтæ рæстзæрдæй сæ кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй хуæрзамондгун уонцæ.

Мах гъудимæ гæсгæ ба æ тæходуйтæ е æй, æма ци æвзагбæл заруй, еци æвзаг фæлтæрæй-фæлтæрмæ цардгъондæр кæна, æ ирисхъæ райдзаст уа. Бæллуй, цæмæй ма радзæгъæлтæ уа æндæр кедæр æвзæгти 'хсæн, фал се 'хсæн уогæй, цитгинæй куд нæра. Нæ маддæлон æвзаг цæстиварди кæмæ нæй æма æцæгæлон æвзагбæл дзорунмæ ка иселлæг уй, уонæн ба карзæй уайдзæф кæнуй æ публицистон уацти дæр. Дæнцæн си æримисæн еуей.

## ЦИ БЕГАРА ДÆБÆЛ ЕС?..

*Уруссагау еу-дууæ дзурди ка базонуй, е дæр нæхе дигорон кенæ ирон æвзагбæл билæскъелтæ кæнун байдайуй, ци æй, цæмæн гъæуй уæхæн нецæййаг æвзаг, зæгъгæ. Уотемæй ба, уотæ ка дзоруй, уонæн сæ фулдæртæ уруссагау сæ дзубандиаг кæрæдзебæл исбæттун нæ фæффæразунцæ.*

*Æвдесæн, Киристонгъæуи Октябри бæрæгбони митинги дзурдта Профессионалон цæдести номæй Варасани-фурт, хуарз зонуй дигоронау. Е ба уæддæр баздахтæй æма уруссагау исамадта æ дзубанди. Кæмидæрти фегъуститæ кодта «штаб» æма «масштаб», фал си ка ци адтæй, уой нæ раргъавта æма никъкъуæрдта: «Да здравствует масштаб мировой революции – Коминтерн!»*

## НÆ ЦАРДГЪОНГÆНÆГ – НÆ УОДВАРНИ АЛÆМÆТ!..

Нæ маддæлон æвзаги ирисхъи фæдбæл адтæй æ гузавæ Темурхъанти Сосланæн дæр. Е бæлвурд æй уомæй, æма куд æновудæй архайдта бæлвурд гъуддæгутæй æ багъæуай кæнуни æма гъомусгинæй райрæзти сæрбæлтау. Æ публицистон уацтæй еуеми (1922 анзи) уотæ финста:

*«Рагæй-æрæгæмæ еумæ цæргæ ци адæм æрцудæнцæ, сæ цийнæ дæр, сæ гъигæ дæр еумæ ка æрвиста, етæ царди уавæр æмхузон лæдæрунцæ, алцæмæ дæр еу цæстæй кæсунцæ, алцидæр еу барæнæй барунцæ, æма сæ куд лæдæрунцæ, уомæ гæсгæ арæзт æй се 'взаг, æма се 'взагбæл дзоргæй, хебарæй сæхе зундæй гъуди кæнунцæ.*

*Фал æцæгæлон æвзагбæл ка райдайуй дзорун, е, ке 'взагбæл дзоруй, уони цæстæй кæсуй алцæмæ дæр, æма хебæраги æхе зундæй гъуди кæнун æ бон нæй. Фал е 'уæнгти ке тог зелдох кæнуй, уони 'рдæмæ æ уод тундзуй æма дузæрдуг кæнуй, æ уоди хъæуритæ фæйнердæмæ хуæцунцæ æма имæ нæ игуруй уæхæн фæндон, лæги æдæрсгæй кæци архайун кæнуй, æхсарæ си ке фæрци æвзуруй.*

*Уæхæн лæг æхецæн дæр, æ адæмæн дæр ном искæнунгъон нæй, цалинмæ æ маддæлон æвзагбæл нæ райдайа дзорун, цалинмæ адæми зунди сауæдонæй нæ бафсада æхе...»*

Гъе уотæ финста Темурхъани-фурт 1922 анзи æ уац «Зунд æма бархи»-й. Æма цæбæл расагъæс кæнæн мах, абони Иристони цæрæг дзиллæ, е си, мæнмæ гæсгæ, ес. Æ еци уаци Темурхъани-фурт уотæ дæр ма финста:

*«Алли адæм дæр цард куд лæдæрунцæ, уой раргом кæнунцæ се 'взаги фæрци сæ аргъæутти, таурæхъти, кадæнгити, сæ зарти, æмбесæндти æма етæ 'нцæ сæхе зунди сауæдонæ. Етæ цæйбæрцæ гъæздугдæр æнцæ, цæйбæрцæ хуæздæр æвдесунцæ цард æ алли хузти, цæйбæрцæ хуæздæр æртасунцæ сау æма уорс, уой бæрцæ хуæздæр лæдæрун кæнунцæ царди адæмæн, уой бæрцæ ба адæм хъаурæгиндæр кæнунцæ. Адæми æвeдуйгæ зунди сауæдонæй кæци адæми фæсевæд ниуазунцæ сæ фагæ, етæ сахъ æма ездон фæуунцæ, æдæрсгæй архайунцæ, сæ уодæн нæ тæрсунцæ, æма сæ фæллойнæй, æхсарæй искæнунцæ сæ адæмæн ном.*

*Фал зундамонæг æма нифсдæттæг таурæхътæ æма кадæнгитæ кæци адæмæн ниуагътонцæ сæ фидтæлтæ, етæ еци зунди сауæдонæй ку не 'фсадонцæ сæ цæуæти, уæд се 'сæфт æрцудæй. Е æцæгæйдæр уотæ ке æй, е бæлвурд раргом æй рагон Грекъи гъуддæгутæй.*

*Етæ таурæхътæ æма кадæнгитæй гъæздуг адтæнцæ, зундамонæг æма нифсдæттæг, фæсевæди рохсмæ разæнгардгæнгæй, æма цалинмæ Грекъ сæ еци зунди сауæдонæй сæ цæуæти æфсастонцæ, уæдмæ сæ хъаурæ ирæзтæй, æнтæстæй син берæ. Сæ фæллойнæй исбæрзонд кодтонцæ сæ културæ æма сæмæ исæвзурдæй устур ахурадæ, исæвзурдæй сæмæ Бæрзонд «аййевдзийнадæ» (искусство), гъома, уой æргъуди кæнуни æма уой искæнуни дæсниадæ, цæстæ кæсунæй цæмæ не 'фсæдуй, гъос – игъосунæй, æма зæрдæ цæмæй рохс кæнуй, рæсугъддзийнадæ си уарзун кæнуй. Сæребарæй цæргæй, иурстонцæ сæ федауцæ цардиуагæ райгурæн бæстæн, æма сæ бартæ гъæуай кæнгæй сæ дæс мини знæгти сæдæ мини æмпурстонцæ, æма сæ еци фæлтæри устур гъуддæгутæ устур дессагæн байзадæнцæ, еугур адæмтæн нуриуæнгæ дæр ма. Фал, се 'намондæн, сæ ахургæндти астæу фæззиндтæй уæхæнттæ, фидтæлти таурæхътæ æма кадæнгитæ ходæг æма нецæййаг кæмæ кастæнцæ, уонæмæ игъосгæй адæм дæр еци цæстæй райдæдтонцæ кæсун сæ таурæхътæмæ, сæ кадæнгитæмæ, ниууагътонцæ сæ иронхуати, сæ еци зунди сауæдонæй æнæ хай фæккодтонцæ сæ цæуæти.*

*Æма гъе уæд Грекъ æрлæмæгъ æнцæ, сæ хъаурæ басастæй æма æдзæллаггæнгæй се 'знæгти къæхти буни бафтудæнцæ, сæ бæрзонд културæ фесавдæй».*

Нæ номдзуд лæгти гузавæ мах, сæ абони фæдонтæ, куд хæстæг райстан нæ зæрдæмæ, куд æнхæст кæнæн сæ фæдзæхститæ, цæйбæрцæбæл æй нæ бон, нæ гæнæнтæ æма равгити æмбæрцæ архайун нæ маддæлон æвзаги цардгъондзийнади сæрбæлтау, зæгъгæ, расоми кæнун?

Махмæ гæсгæ, аци фарстатæбæл æргомзæрдæй рæстмæ дзуапп раттун берети бон ни нæ исуодзæнæй. Уомæн еу бæлвурд дæнцæ – газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф» кæдæй уагъд цæунцæ, уæдæй абони уæнгæ сæ редакцити косгутæ еци табу-мендарæй корунцæ нæ адæмæй, цæмæй сæ дзиллонæй рафинсонцæ. Æма? Ефстæгтæй уæлдай сæ фегъосæг нæ разиннуй. Æма уоййасæбæл зинтæй арæзт ка 'рцудæй, нæ еци мухури дууæ дигорон фæрæзни тиражтæ бустæги ходуйнаги минкъий рауайунцæ. Æма е сæрмæхæсгæ гъуддаг æй?..

## РÆСТÆГУТИ ÆЗГУЛИТИ ДÆР ЦÆРÆЦЦАГ УОДЗÆНÆЙ Æ КАДÆ!..

Малити Геуæргий номерæнæн Дзæуæгигъæуи æ циртдзæвæни рази Дигори дзилли минæвæртти хъæппæресæй арæзт æрцудæй цитгингæнæн мадзал. Нæ номдзуд поэти цардвæндаги æма æ исфæлдистади алæмæтдзийнади, нæ маддæлон æвзаги сæрбæлтау æ æвæллайгæ фæллæнттæ æма сæ ахедундзийнади туххæй си радзурдта «Устур Нихæс»-и разамунди минæвар **Дзекъойти Юрий**. Цæгат Иристони адæмон поэт **Мамукъати Хъазбег** ба си бакастæй **Малити Геуæргий**, уæдта æрæги сæ уæлзæнхон цардæй ка рахецæн æй, нæ национ литератури æма æвзагзонунади еци хъазауатонтæ Колити Витали æма Тахъазти Валерий номерæнæн ци зæрдæмæгъаргæ æмдзæвгитæ ниффинста, уони.

Нæ маддæлон æвзаги абони уавæр æма исонибони ирисхъи фæдбæл медесгун дзубанди ракодта Цæгат Иристони адæмон финсæг, республикон литературон журнал «Ирæф»-и сæйраг редактор **Скъодтати Эльбрус**.

Мадзали рæстæг райгъустæнцæ нæ маддæлон æвзагбæл æмдзæвгитæ дæр. Хуарз æма сæ кастæнцæ кæстæртæ – еци хабар ба нæ нифсгун кæнуй уомæй, æма нæ маддæлон æвзаг цардгъон уодзæнæй идарддæр дæр, еугæр ибæл уотæ еузæрдиуон æнцæ ирæзгæ фæлтæр. Мадзал ма исфедудта, зундгонд зартæгæнæг, нæ республики култури æскъуæлхт косæг, **Секъинати Майæ** дигорон æвзаги туххæй ци зар ракодта, уомæй дæр.

Кæронбæттæни ба мадзал исфедауни фæдбæл ка байархайдта, уонæн балæвар кодтонцæ Малити Геуæрги хузæгондæй фæлгонцгонд футболкитæ.

* * *

Нæ абони радзубандий ба ма æримисуйнаг ан, Малити Геуæрги е 'мдзæвгитæй еуеми («Бундари гъарæнгæ»), куд бахъонц кодта:

«Ка нæ зонуй мæ гузавæ, –
Ку лæдæридæ мæнау...»

Цума ин балæдæрдзинан æ гузавæ, батухсдзинан нæ маддæлон æвзаги ирисхъæбæл, лæгау-лæгæй архайун байдайдзинан æ цитгиндзийнадæ ин бæрзондæй-бæрзонддæр кæнунбæл... Бæргæ-бæргæ...

***Æрмаг бацæттæ кодта***
***ГАТИЙТИ Светланæ***

Искурдиадæгин паддзахадон-хæдзарадон архайæг, гъæууонхæдзарадон наукити доктор, Уæрæсей гъæууон хæдзаради æскъуæлхт косæг Темирати Хæмици фурт Викторбæл 17 майи æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..

## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ СОЦИАЛОН ФОНДИ ПРЕСС-СЛУЖБÆ ИГЪОСУН КÆНУЙ




# ФУЛДÆРГОНД ПЕНСИ

Цуппаринсæй анзи кæбæл исæнхæст æй, Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ республики цæрæг еци адæмæн пенсимæ федаргонд феддони бæрцæ æнæ курдиадæй дууæ хатти фæффулдæр кæнуй.

Нуртæккæ 80 анзей юбилей исбæрæггæнæг 24 минемæй фулдæр цæгатиристойнаг пенсиесæги фулдæргонд пенси есунцæ. Паддзахадæ ке исæвæруй, федаргонд феддуйнаг нимад æй карæмæ гæсгæ фæдзæхстадон пенсимæ зæрдæдарæнти хæццæ уæхæн уæлæфтауæнбæл. Нуртæккæ 9584,69 соми ке бæрцæ 'й, еци амунд уæлæфтауæни бæрцæбæл аллианз дæр æфтаунцæ. Цуппаринсæй анзи кæбæл исæнхæст æй, еци адæймаги пенсибæл бафтаунцæ амунд уæлæфтауæн.

– Цуппаринсæй анзи кæбæл исæнхæст уй, еци адæймагæн æ пенсимæ уæлæфтауæн æвæрунцæ æма 'й феддзæнæнцæ радон мæйæй фæстæмæ. Аци гъуддаги фæдбæл адæймагбæл ести курдиадæ æрветуни ихæс æвæрд нæййес. Зæгъæн, пенсиесæгбæл цуппаринсæй анзи кæд 20 апърели исæнхæст æй, уæд ин фулдæргонд пенси барветдзæнæнцæ майи 20 апърелæй 30 апърели уæнгæ æмгъудмæ бафтуди хæццæ, фæстæдæр пенси, дувæр федаргонд феддуйнаг нимайгæй, æрветдзæнæнцæ алли мæйæ, – зæгъуй амунд хайади разамонæг **Милдзихти Аслан**.

Федаргонд феддуйнаг нæуæгæй банимайуни барæ ес айдагъдæр карæмæ гæсгæ фæдзæхстадон пенсиесгутæн. Социалон, кенæ дарæги фесæфти фæдбæл пенси ка есуй, еци адæмæн феддуйнаг нæ фæффулдæр кæндзæнæнцæ. Фиццаг къуари æнæкустгъонтæн дæр сæ пенсий бæрцæ нæ фæффулдæр кæндзæнæнцæ, уомæн æма аци адæм, сæ карæ нæ нимайгæй, нуриуæнгæ есунцæ пенсимæ дувæр бæрцæй федаргонд феддуйнаг.

Уомæй уæлдай, 80 анзи кæбæл исæнхæст æй, еци адæймаги фæдзæхстадон пенсимæ æнæ курдиадæй æвæрунцæ зелуни фæдбæл уæлæфтауæн. Амæй размæ амунд компенсацион феддуйнаг æвардтонцæ пенсиесæги æма пенсиесæгмæ зелæг адæймаги курдиадæмæ гæсгæ, фал фарæй фæстæмæ Социалон фонди хайадæ феддуйнаг æвæруй хуæдбарæй. Пенсиесæгмæ ес æхцай фæрæзнитæй хе фæндонмæ гæсгæ испайда кæнуни барæ. Аци анзæй фæстæмæ адæймагмæ зелуни фæдбæл уæлæфтауæни бæрцæ 'й 1413,86 соми. Фæдзæхстадон пенси æма уæлæфтауæни бæрцæ алли анз фулдæргонд æрцæунцæ.

Фарстатæ уæмæ кæд байзадæй, уæд уæмæ ес Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт-центрмæ **8-800-100-00-01** телефонæй лæвар бадзоруни барæ (Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади линий кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ – 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9.00 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).

# ЕУМÆЙАГ БИЛЕТТÆ СИН РАТДЗÆНÆНЦÆ



Аци анзæй фæстæмæ сæрмагонд æфсæддон операций цæгатиристойнаг архайгутæн дæтдзæнæнцæ бæсти Социалон фонди реабилитаций центртæмæ хе дзæбæх кæнунмæ цæуни барæдæттæг еумæйаг билеттæ.

Социалон фонди реабилитаций центртæмæ æма фæстæмæ цæуни барæдæттæг еумæйаг билеттæ дæтдзæнæнцæ транспорти еугур хузтæн (поезд, хуæдтолгæ, хуæдтæхæг, автобус, кенæ донон транспорт нимайгæй). Дзæбæхкæнуйнади фæдбæл курдиæттæн аразий дзуапп райсуни хæццæ еци-еу рæстæг еумæйаг билет дæр исараздзæнæнцæ. Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн уодзæнæй барæ равзарун, ци хузи ин ратдзæнæнцæ нади харзи аргъ, уой: компенсацийæй æма еумæйаг билети хузи. Нади харзи бафинсти нæуæг хузæй испайда кæнæн уодзæнæй аци анзæй фæстæмæ æрвист курдиæттæмæ гæсгæ. Адæймагмæ ес балцæг райсуни фæдбæл курдиадæ Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади цийфæнди клиентон служби, кенæ портал «Госуслуги»-й фæрци барветуни барæ.

Никкидæр ма еу нæуæгдзийнадæ барæ даруй сахъатдзийнади фиццаг къуари хæццæ сæрмагонд операций архайгутæн: нади харзи, цæруйнади æма хуаллаги аргъ кæмæн бафедунцæ, аци анзæй фæстæмæ амунд адæймæгутæмæ ес реабилитацион центртæмæ хе дзæбæх кæнунмæ уæхæн æмдзогæнгути хæццæ 'рбацæуни барæ. Медицинон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, фæккæсуйнаг ка 'й, æмдзогæнгути хæццæ цæуни барæ ес уæхæн ветерантæмæ.

– Дзæбæхкæнуйнади рæстæг – документтæ æмбурд кæнун райдайунæй хæдзарæмæ 'рбаздæхуни уæнгæ – Социалон фонди республикон хайадæ сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæй алкæмæ дæр цæстæ даруй. Реабилитацион центртæмæ барветуни рæстæг нимад цæунцæ ветерани æнæнездзийнади уавæри туххæй медицинон-социалон бæрæггæнæнтæ. Амæй размæ æртасуйнадæ ка нæ рацудæй æма инвалид ка нæй, еци ветерантæн реабилитацион центри банхæст кæнунцæ диагностикæ æма ин хецæнæй дзæбæхкæнуйнади фæткæ байамонунцæ. Уæрæсей Бæгъатæри ном кæмæ ес, кенæ фиццаг къуари æнæкустгъон ка 'й, сæрмагонд æфсæддон операций уæхæн архайгутæмæ ес Социалон фонди реабилитацион центртæмæ дзæбæх кæнунмæ æнæ кезуйæй сæ рарветуни барæ, – зæгъуй Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади разамонæг **Милдзихти Аслан**.

Нуриккон вазуггин косæндзаумæуттæй ефтонггонд ка 'й, демобилизацигонд цæгатиристойнаг æфсæддон службæгæнгутæмæ ес дзæбæхкæнуйнади Социалон фонди реабилитаций дууадæс уæхæн центри рацæуни барæ. Аци центри æрбунæттон æнцæ Астрахани, Мæскуй, Владимири, Саратови, Кирови, Волгоградi, Тюмени, Кемерови, Томски æма Омски облæстти, уæдта Краснодари край æма Республикæ Хакасий.

Санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнади дæргъвæтийнæдзийнадæ 'й еу æма инсæй боней уæнгæ, медицинон реабилитаций æмгъуд алли адæймагæн дæр хецæнæй исбæлвурд кæнунцæ. Адæймагмæ ес санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнади анзи дæргъи еунæг хатт рацæуни барæ, медицинон реабилитаци цал хатти банхæст кæндзæнæнцæ, е ба бæлвурдгонд æрцæудзæнæй медицинон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ.

Фарстати фæдбæл бадзорæн ес мæнæ аци номермæ: **8-800-100-00-01**, телефонæй фæдздзорæн ес Уæрæсей Социалон фонди Еугонд контакт-центрмæ.

Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ – 9 сахаттемæй 18 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Рагон дзаманти, дан, нæ бонгин лæгтæй еу æ фурт Темури, кæдимайди ба уруссаг æвзаг хуарз базонидæ, зæгъгæ, ахур кæнунмæ рарвиста Стъараполмæ. Уоми æ фусунтæ адтæнцæ æ фиди хуарз зонги бийнонтæ. Дууæ анзей фæсте биццеу æрæздахтæй сæхемæ. Æма дин е 'мгæртти хæццæ дзоргæй, нæхердигонау еунæг дзурд дæр ку нæбал кæнидæ. Нæбал æнвæрстæй æ маддæлон æвзагбæл.

Уæд дин æй еу мæгур лæги фурт, пахсамæ райамонгæй ку бафæрсидæ, ци хуннуй, зæгъгæ. Темур ин зæгъуй:

– Вот это?.. Не знаю…

Æма уотемæй пахсай къæбæлтæбæл æ цулухъæй рафсардæй. Пахсай гъæдæ Темури тæрнихæн – тъæпп!..

– Æнæбайрайгæ фæуyотæ уæ пахсайæй! – фæгъгъæр кодта Темур.

Уæд ин мæгур лæги фурт дестæгæнгæй ку зæгъидæ:

– О-гъо, Темур, иронау ма ку зонис!..

* * *

*Темури хузæнтти нæ фидтæлтæ «уæрæседзаутæ» хониуонцæ – кæмидæрти цидæртæ фæууингæй, сæхе уонæй дессаг кæниуонцæ, æма хе адæми уодварни хæзнатæй сæмæ бæрзонддæр цæстиварди ке уиуонцæ, уомæ гæсгæ. Уæхæн «уæрæседзаутæ» нæмæ абони дæр минкъий ку нæййес, уомæй нæ адæмондзийнади исонибон сагъæссагæй-сагъæссагдæр кæнуй…*



**Борис ЧЕРНЫШОВ, Паддзахадон Думи сæрдари хуæдæййевæг, бахаста фæндæ, цæмæй нæ бæсти медæгæ рейстæ æнхæстгæнæг хуæдтæхгути игъосункæнуйнæгтæ ма игъосун кæнонцæ англисаг æвзагбæл.**

* * *

Æ загъдмæ гæсгæ, уой фудæй исæвзуруй «зæлон æма цæстуингæ æстуф». Махмæ гæсгæ ба, еци æстуфæй уоййасæбæл устур зæран нæййес. Кæмити фулдæр гъигæдарæг æй Паддзахадон Думи депутатти æстуф, уомæн æма си ка рантæсуй, еци закъонтæн сæ фулдæр сæ æдулидзийнадæй зæранхæссæг исунцæ падзахадæн дæр æма адæмæн дæр.



**Мария ЗАХАРОВА, Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути пресс-атташе: «Евроцæдеси сæхе дæр нæбал æхснунцæ æма сæ дарæс дæр нæбал æхснунцæ…»**

* * *

Уотæ зæгъуйнаг æй æма син дон, кенæ ба дон исгъар кæнунæн артаг нæбал фагæ кæнуй? Æма уæд Евроцæдеси ци деголæ кæнуй? Мæнæ ами нæхемæ, Уæрæсей берæ рауæнти адæм кæмидæрти дон хæссунцæ хъæбæр идардæй, кæмидæр ба сæмæ 'й рæстæгæй-рæстæгмæ хуæдтолгитæй ласунцæ… Куд фæззæгъунцæ, еске цæсти къæмæ уинуй, æхе цæсти ба æнæгъæнæ лух нæ æстæфуй…



**Георгий БОВТ, политолог: «Дæсгай æнзти дæргъи, цидæртæ ба сауæнгæ Петр I рæстæгутæй фæстæмæ, етæ еугурæй дæр ихæлд æрцудæнцæ анз æма æрдæгмæ…»**

* * *

Растдæр, æвæдзи, уотæ зæгъун уодзæнæй, æма «Уæрæсей нæуæг цардарæзт» разгелгутæ, æцæгæйдæр, берæ цидæртæ кæд фехалдтонцæ, уæддæр ци сæ нæ гъудæй æма сæ ци нæ гъудæй, уони. Пайда цæмæйдæриддæр адтæй, уони ба сæхердигæй фæккодтонцæ. Нæ бæсти хæлхъой уавæртæ исаразгæй, хецаудзийнадæмæ ци æдзæсгæнттæ байервазтæнцæ, етæ сæ хъозæнтти хæццæ фæххæлæф кодтонцæ еугурадæмон есбойнадæбæл. Æма нæ хъиамæтгун адæм æновуд фæллойнæй ке фембурд кодта, еци гъæздугдзийнæдтæ 'нцæ нуриккон бонгинти къохти – етæ ба нæ адæмæн æнцæ æдеугурæй е 'хсæрдæс проценти.

**Зæрдæмæдзæугæ бæрæгбон бæрæггонд цæуй 16 майи – рохсдзийнади Æхсæндуйнеуон бон. Рохсидзаг уæд уæ царди алли бон дæр!..**

***ХЪАЗБЕГТИ Хъазбег (1912-1966), поэт: «Дигорон æвзагбæл ка финста æма ка финсуй, уонæй аййевали дæснийадæй поэзий медæгæ Малити Геуæргий уæнгæ некема исхъæрттæй, поэтæн е 'взаг æй æхсаст æма циргъ, æ ритмикæ – фæндури зæлау, æ уадзимисти сюжетти арæзт композицион æгъдауæй – хали къæбæлау».***




# АЦÆМÆЗИ УАДИНДЗÆ



**МÆРЗОЙТИ Сергей,** (1927-2008)
Цæгат Иристони адæмон финсæг

***Фудлæг æма фудбон берæ нæ хæссунцæ, фæззæгъунцæ, уомæ гæсгæ, гадзирахаттæй рацæугутæ цийфæнди кæд фæййархайдтонцæ, уæддæр Геуæргий поэзибæл къæмæ некæд рабадтæй, уæдта, æ рæстдзийнадæ ке исбæрæг æй, уомæ гæсгæ ба некæдбал рабаддзæнæй. Некæд феронх уодзæнæй устур поэти кæдзос æма нæргæ гъæлæс.***

Нæ културæ, нæ адæми историй Малити Геуæрги байзадæй цирагъдарæй. Мæгур хæдзари исгъомбæл æй, фал æ сабийбонтæй фæстæмæ æхе рохсмæ ивазта, æма æ устур искурдиадæ, æ агъазиау дæснийади фæрци исхизтæй поэзий бæрзæндтæмæ. Поэтæн æ фиццаг æмдзæвгитæй еуеми, «Цæхъал», зæгъгæ, уоми арви кизгæ мæйи балци уæларви æма æзнæт хуæнхаг дони æмбохун арф коми уотæ агайунцæ адæймаги зæрдæ, æма, ка сæ кастæй, уонæй алкæмæй дæр баруагæс æй, ке нæмæ фæззиндтæй æнæмбал романтик, æхе зундирахаст, æхе хуæдбундор поэтикон гъæлæсиуаги хæццæ.

Æма, æцæгæйдæр, поэт уæхæн бæрзонд æфцæгæй рафæлгæстæй ниййерæг зæнхæбæл, æма æхемæ дæр æма æ кæсгутæмæ дæр разиндтæнцæ рæстæги нæуæг арæнтæ æма исуйнаг доги арвгæрæнттæ.

Рæстадæн кувта нæ поэт рагæйдæр, адæмæн лæггадæ кæнун иссæй æ царди медес. Уой сæрбæлтау кодта рохситауæги куст дæр æма æнæнцойнæ фудæбонæ дæр поэтикон дзурди фарни сæрбæлтау. Берæ фæккуста Иристони скъолати. Сабийти ахури надбæл аразта, цæмæй лæгау лæгтæй райрæзонцæ, æма Фидибæстæн нивондæн æрхæссонцæ сæ ирисхъæ. Уомæн син ниффинста балций æхседгæ зар дæр. «Федог» дæр æй уомæн исхудта:

*Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æнгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном.*

*Арвмæ мæсуг амайетæ,*
*Хормæ скæнетæ фæндаг,*
*Гъæйт, зæрдиуагæй уайетæ,*
*Догъи ма уотæ фæстаг!*

*Тари цæфсæд сæребарæ,*
*Мегъи сорæд æ тунтæй,*
*Цард мабал уæд гъезæмарæ,*
*Зæнхæ райзол уæд рунтæй.*

Зари игъусуй тохи азæлд, уæлахези зæлланг, революцион æзмæлди уолæнти ка ранигъулдæй, еци сахъигурди æхседгæ гъæлæс. Геуæрги иссæй Иристони зæнхкосгути революцион парти «Кермен»-и бундорæвæргутæй еу. Фæстæдæр е æ номæй бафинста зундгонд тел: *«Петроград. Председателю Совнаркома тов. Ленину. Осетинская революционно-демократическая партия «Кермен» приветствует в Вашем лице рабочее и крестьянское правительство, осененное Красным Знаменем, знаменующим победу труда над капиталом. Знайте, что мы, сыны Осетии, жаждем осуществления лозунгов третьей революции. Председатель Малиев».*

Нæуæг цард æма тох бахсистонцæ поэти исфæлдистадæ нифс æма хъаурæй, æ зартæ, æ сагъæстæбæл зиннуй рæстæги цаутæ æма хабæртти фæд, доги комиуолæфт, фæлтæри меддуйней фæд. Æстъæлфæнтæ нæ, царди вазуггин гулфæнтæ æма размæмпурст тæлфунцæ æ уадзимисти, кæд нивæбæл нæма адтæй нæуæг цардиуагæ, дзиллитæ ма гъезæмæрттæ æвзурстонцæ, уæддæр сæбæл хор ракастæй æма сæ уавæртæ бундзарæй раййевунмæ бæллунцæ æма тундзунцæ.

Поэт æ рагбонти финст миниатюритæй еуеми уотæ финста:

*Волны Каспийские мне нашептали*
*Сказку страдания, сказку печали,*
*Душу наполнили шумом глухим,*
*Спели мне песню борьбы и свободы.*

Поэти æмдзæвгити исеу æнцæ æрхун æма гъезæмари аргъау тох æма сæребари зари хæццæ. Æнгон бастæй си рауадæй уæхæн поэтикон цæндæ, æма ин æ лирики æнкъарæнти ирд цæхæр æма дзурди уагæн ниссагътонцæ уæлтæмæнади базуртæ, равардтонцæ ин цардгъон тухæ. Еу бакастæй – фæйнæхузон мотивтæ, фал сæ еудзийнадæ æй ахедгæ, гъомусгин. Кæрæдзей нихмæ нæ лæуунцæ, кæрæдземæй еуварс нæ 'нцæ. Айдагъдæр æвдесунцæ, цард вазуггин ке 'й, æ фæззиндтитæ ин еу барæнæй барæн ке нæййес, уæдта нихмæвæрд цаутæ æма æнкъарæнтæн æнæ уæн дæр ке нæ фæуой историон цæхгæр фæззелæнти рæстæг. Поэти меддуйней айдæни зиннунцæ æ поэзий менеугутæ.

Уони нæ зæрдæбæл ку нæ дарæн, уæд ин æ исфæлдистади гармоний фæд нæ иссердзинан. Уобæл ба гъæуама дузæрдуг ма кæнæн. Устур поэти уадзимисти алкæддæр тæлфуй рæстæг æма исфæлдистади æмуолæфтгæнæг тухæ.

Берæвæрсуг æй Малити Геуæргий поэзи, æ уадзимистæ амад æнцæ аллихузон жанрти домæнтæмæ гæсгæ. Ес имæ гъазæн дзурди уагæбæл финст зар, ес имæ мæгур лæги уодагайæг монолог, ес тохмæ разæнгардгæнæг марш дæр æма уæхæн лирикон хæзнатæ, цикорай фæрдуги хузæн ка æрттевуй. Мадта минкъий нæ 'нцæ, адæмон зарти æндæвдæй ка равзурдæй, уæхæн сагъæстæ дæр.

Дессаг е æй, æма сæ еугуребæл дæр ке ес, хуæрзаййев, хуæдбундор нивæфтуд, нæ адæмон дзурди тухæ, адæми зундирахаст æма дуйнелæдæрундзийнадæ ке исуй сæ бундор, цъухæй дзоргæ адæмон исфæлдистади хузгин хуарæнтæй ке исæрттевунцæ.

Малити Геуæргий поэзий игурæнтæ 'нцæ адæми цард, адæми цийнæ æма сагъæстæ, хуæнхбæсти æносон таурæхътæ, хуæнхæгтæ цæбæл æууæндунцæ, еци царциати дессæгтæ. Æ лирикон хъайтар, «Горские мотивы», зæгъгæ, еци киунуги кæунгъæлæсæй дæр фæдздзоруй, е 'лгъистаг ирисхъæй дæр нигъгъæрзуй, уотемæй архайуй адæймаг æма æрдзи рахастдзийнæдтæ балæдæрунбæл, адæймаг æма, æ алливарс цитæ цæуй, уони 'хсæн гармони иссерунбæл æхе хъаури, æма уомæй ервæзуй.

Æма ци агоруй аци æзмæнст дуйней? Агоруй Устур Рæстадæ. Царди мæнгæруагæсдзийнæдтæ æма къурцдзæвæнтæй фæййервæзунбæл архайуй. Æнцон нæй уодварни хæзнатæн ци гургъахъ над амонуй, уобæл цæун. Геуæргий лирикон хъайтар æй еци уодæвзарæнти исфæлдист.

Цикорай фæрдуги хузæн нæ поэзий цæхæр калунцæ Геуæргийæн е 'мдзæвгæ «Ælхуйнæ»-йи хузæн миниатюритæ – *«Ци кæнуй, цума, ме 'лхуйнæ, ку нæбал зелуй дзæбæх? Мæ цæститæбæл уайунцæ сау нимæт æма сау бæх»… «Мæ фидбилизæн æ хæццæ цæмæн фæдтæн æз æнгаст?..» «Мæ зæрдæ мин басугътонцæ, ду ме 'вдесæн, уо, Хуцау!»* Кæд уотæ адтæй, уæддæр куд фæстæмæ поэт хумæтæги нæ исæновуд æй поэтикон жанртæбæл.

Царди фæлтæрддзийнадæ, евгъуд дзамантæбæл æ рæстæг æма исонибонбæл сагъæстæ домдтонцæ таурæхътæ, кадæнгитæ, æцæг хабæртти парахат сюжеттæ, социалон конфликттæ æнхæстдæрæй кæми равдесун æнгъезуй, уæхæн агъазиау уадзимистæ. Æ фиццаг киунуги адтæй Нарти кадæнгитæбæл амад поэмæ «Симд Нартов». Нарти гуппурсартæ Хæмиц, Сослан, Урузмæг, сæ кæстæр Батрази сорæтбæл ке бафтудæй поэт, е ин фæййагъаз æй арфдæр балæдæрун адæмон уодигъæдæ, æ социалон æма эстетикон медес арфдæр балæдæрунæн.

Æма фæстæдæр поэт е 'ргом ку раздахта хуæнхбæсти цардиуаги цаутæ æма хабæрттæмæ, уæд ефтонг адтæй алцæмæй дæр – зундирахаст æма дæснийадæй. Фау æрхæссæн нæ адтæй æ хъайтарти социалон рахастдзийнæдтæмæ, сæ сорæттæмæ, къласон тохи игурæнтæ æма фæстеугутæ куд æвдиста, уомæ дæр.

Тухгин æй поэти кадæнгити романтикон рахаст – хъайтартæ фескъуæлхунцæ лæгæвзарæни, сæ уарзт æма сæмæ адæймаги ном æма кадæ бæрзонд æвæрд æнцæ, хæранæн нæ уодæнсунцæ ходуйнаги бæсти мæлæтбæл дæр арази фæуунцæ.

Темур-Алсахъ тухæгæнæг æлдарæй райста æ гъæубæсти маст, æлдар Дзанболати мæрдтæмæ барвиста, иссæребарæ 'й æ уарзон Дигиза, фал хъайтар æ хæццæ æ цард исбæттунмæ нæ исарази æй – тоггин дæн æма фенамонд уа, е мæ нæ фæндуй, зæгъгæ. Кизгæ дæр æнæ Темур-Алсахъæй æхецæн цард нæбал исаккаг кодта.

Эпикон характертæ, трагикон цаутæ æма сорæттæ зæрдæ æскъæфунцæ сæ уарзти туххæй, сæ кæдзос зæрдиуагæ æма рæсугъддзийнадæй, сæ цардбæллон æма æнæбасæттон хъаурæй. Социалон хецæндзийнæдтæй фенамонд æнцæ хъайтартæ. Уæхæн ирисхъи азар басугъта гъонгæси фурт мæгур Мæхæмæт æма æ уарзони дæр. Ælдар æ фиййау æ сиахс исуа, зæгъгæ, уой æ сæрмæ не 'рхаста, нæ ибæл байаурста. Уоййадæбæл фенамонд æй æ кизгæ дæр, æхемæ æ къох исиста. Уарзондзийнади романтикæ æма социалон трагеди уотæ æнгон æлваст æнцæ æма, кæд тог никкæллуй, кенæ ба хъайтартæ бацарæфтуд унцæ, уæддæр сæ рæсугъд меддуйней, æнæмбал зундиуагæ æма нифсæй сæ цард исуй кадæнги сæр.

* * *

Е 'мдзæвгæ «Памяти Коста», зæгъгæ, уоми Геуæрги зæрдтагон зæгъуйнæгтæй цитæ кæнуй æ цитгин ахургæнæгæн:

*Умолк, – но стих его певучий*
*В сердцах людей еще звенит.*

Зартæгæнæги æносон кадæй фæххайгин æй Геуæрги æхуæдæг дæр. «Геуæргий уадзимисти зиннуй е 'стур културæ, æ ахургонддзийнадæ», – финста нæ номдзуд поэт Цæрукъати Александр. «Дигорон æвзагбæл ка финста æма ка финсуй, уонæй аййевади дæснийадæй поэзий медæгæ Малити Геуæргий уæнгæ неке ма исхъæрттæй. Поэтæн е 'взаг æй æхсист æма циргъ, æ ритмикæ фæндури зæлау, æ уадзимисти сюжети арæзт композицион æгъдауæй – хали къæбæлау», – финста нæ иннæ номдзуд поэт Хъазбегти Хъазбег.

* * *

Ескæд еу хатт райсуй Геуæрги æ къохмæ публицисти сес, æма æ гъудитæ фæуунцæ арф æма рæстдзæвийнæ. Æ уадзимис «К докладу Г. Цаголова «Об осетинском стихосложении» абони дæр ма цæсти ахедуй, нæ национ æмдзæвги тоникон стихамади фæдбæл ци раст хатдзæгтæ искодта, уомæй.

Ахид нæ дзорæн поэтики фарстатæбæл, æма еци ихæс æхемæ ка райса, е, æнæмæнгæ, арази уодзæнæй Геуæргийæй. Æ иннæ уадзимис «Письмо из Осетии» фæууй уæхæн нистауæнæй:

*«Нужны просвещенные, общественные деятели, проникнутые святостью в призвание человека, нужны люди высокого закала, с пламенными духовными мечтами…*

*«Сейте разумное, доброе, вечное.*

*Сейте, – спасибо вам скажет сердечное, осетинский народ».*

Уæхæн адтæй поэти бæлдæ, æ исфæлдистади нисанеуæг, æ устур искурдиади игурæн æма ратæдзæн.

Уомæн ин табу кодтонцæ æ поэзийæн номдзуд исфæлдистадон архайгутæ Къосирати Сæрмæт, Гулути Андрей, Ардасенти Хадзибатæр æма берæ æндæр зундгонд æртасгутæ. Уомæн æй уарзта, уомæн æй æвардта дзурдаййевади бæрзонд тæрхæгбæл нæ номдзуд ахургонд Абайти Васо.

Малити Геуæрги æ рæстæги фагæ рæвдуд нæ баййафта литератури тæрхони лæгти 'рдигæй. Е нæ, фал ма берæ æнзти дæргъи æ исфæлдистадон бунтæй ма ци райервазтæй, етæ дæр лæудтæнцæ къумавæрдæй. Евгъуд æноси 30-аг æнзти нæ бæсти медæгæ фудмиутæгæнгутæ нæ адæми аккагæй-аккагдæр фуртбæл исæвардтонцæ адæми знаги илгъаг ном, æма ин æхе дæр бабун кодтонцæ, æ финститæ ба ин адæмæй фæххецæн кæнунбæл еци архайæги архайдтонцæ, фал син е ба нæ бантæстæй, уомæн æма дзиллæ сæ билицъæрттæ хуардтонцæ æ уадзимистæ зонунмæ. Æма дзилли бæлдæ Поэти исафгути фудвæндитæй тухгиндæр разиндтæй. Фудлæг æма фудбон берæ нæ хæссунцæ, фæззæгъунцæ, уомæ гæсгæ, гадзирахаттæй рацæугутæ цийфæнди кæд фæййархайдтонцæ, уæддæр Геуæргий поэзибæл къæмæ некæд рабадтæй, уæдта, æ рæстдзийнадæ ке исбæрæг æй, уомæ гæсгæ ба некæдбал рабаддзæнæй. Некæд феронх уодзæнæй устур поэти кæдзос æма нæргæ гъæлæс.

Малити Геуæргийæн хуæздæр лæварæн, хуæздæр хуарзæнхæн лæвæрд æрцудæй Нарти Ацæмæзи уадиндзæ, æма муггагмæ азæлдзæнæнцæ æ рæсугъд зæлтæ.



# ИХÆСГИН СИ АН…

Нæ интеллигенций номдзуддæр минæвæрттæй еу адтæй æфсæддон, историк, ахургæнæг, адæмон исфæлдистадæ æмбурдгæнæг Темурхъанти Сослан (æ аргъуди ном – Вано). Райгурдæй 1881 анзи Мæздæги Темурхъанти Гаврили æма Гæбути Екатерини хæдзари, зæнхкосæг бийнонти 'хсæн. Сослан адтæй æхсæз сувæллоней хестæр. Æрдзæй зæрдæргъæвд биццеу фиццаг райста хæдзарон ахурадæ. Уой фæсте каст фæцæй реалон скъолай æхсæз къласи. 1901 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Тифлиси юнкерти училищемæ. 1904 анзи майи ахур фæцæй, райста подпоручикки цин, уотемæй æй рарвистонцæ Георгиевски резервон батальонмæ.

Уруссаг-япойнаг тугъд 1904-1905 æнзти ку райдæдта, уæд æригон афицер ракурдта, цæмæй æй рарвистайуонцæ Нæуæггермайнаг 10-аг фестæгæфсæддон полкмæ, æма тохæг æфсади раззаг рæнгъити фæцæй сауæнгæ тугъди кæронмæ. Сослан æ лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнади туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни орденæй. Тугъди фæсте, Иристонмæ исæздæхгæй, архайдта 1905-1907 æнзти революцион æзмæлди. Уой фæсте Сослан фæстæмæ рандæй æ полкмæ Тулæмæ. Революцион æзмæлдбæл арази ке адтæй, е бæлвурд æй, æ финст Сослани радзурд «Минас» ин бакæсгæй.

Е 'фсæддон ирисхъи хабæрттæ ба уотæ рауадæнцæ, æма ин 1908 анзи исаккаг кодтонцæ поручикки цин, 1910 анзи ба иссæй штабс-капитан. Фиццаг дуйнеуон тугъди райдайæни æй рарвистонцæ 9-аг Кавказаг фестæгæфсæддон полкмæ. Тох кодта турккæгти нихмæ, уой фæсте архайдта австрийаг-гермайнаг тугъди. 1914 анзи ин исаккаг кодтонцæ капитани цин, 1915 анзи ба – дæлболкъони цин. Еци тугъди дæр бабæй Сослан устур арæхстдзийнадæ æма лæгдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй æй исхуарзæнхгин кодтонцæ Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни орденæй æма сæрмагонд нисани хæццæ æхсаргардæй.

Сослани хуæрæ Саши имисуйнæгтæмæ гæсгæ, е 'нсувæр идарддæр службæ кодта Мæздæги, Батуми, Одесси, Львови, Кисловодски æма æндæр рауæнти. Райдæдта медтугъд. 1918 анзи кæрони Терки облæстмæ æрбампурстонцæ Деникини æфсæдтæ. 1919 анзи 11 феврали Сурх Æфсад ниуувагъта сахар Дзæуæгигъæу. Темурхъанти Сослан нæ бакумдта Деникини æфсади службæ кæнун, рандæй Дагестанмæ æма косун куста Хуæнхон хецауади. Фæстæдæр æй рарвистонцæ Дуккаг ирон батальонмæ, службæ кодта сахар Минеральные Водый. Бархеуонти æфсад ку раздахтæй, уæд Сослан фæстæмæ 'рцудæй Дзæуæгигъæумæ æма косун райдæдта Хуæнхон Наркомпроси. Æ ихæс адтæй уруссаг æвзагæй ирон æвзагмæ киунугутæ тæлмац кæнун. Хъæбæр хуарз зудта ирон æвзаг. Бакуста дууæ мæйи. Дзæуæгигъæумæ Сурх Æфсад ку 'рбаздахтæй, æма раздæри афицерти æхсун ку райдæдтонцæ, уæд Сослан æхе бафæсвæд кодта хонхи æма уоми æмбурд кодта этнографион æрмæг.

Сосланæн федар бастдзийнæдтæ адтæй Ирон историон-филологон æхсæнади хæццæ. Æ кизгæ Людмили æнæфæуууогæ кандидатон диссертаций финст адтæй уæхæн дзурдтæ: «Ахсгиаг куст конд æрцудæй адæмон исфæлдистади уадзимистæ бамбурд кæнунбæл. Æхсæнадæ Иристони гъæутæмæ æрвиста æ рауон-циуондæр косгути, мадæлон æвзаг æма æ адæми евгъуд цард хуæздæр ка зудта æма уарзта, уони (Гарданти Михали, Темурхъанти Сослани, Æмбалти Цоцкой, Туйгъанти Михал æма иннети). Еци рæстæги раззагдæр интеллигенций минæвæрттæ Дзагурти Губади, Дзанайти Иван, Бекъойти Г. æма æндæртæ хуарз зудтонцæ Темурхъанти Ваной (Сослани). Æлборти Барисби ба адтæй æ хуарз æрдхуард æма ин устур аргъ кодта æ арф зонундзийнæдтæн…»

Советон хецауадæ амнистий, гъома, паддзахи доги хецаудзийнади хæццæ баст адтæнцæ, зæгъæ, фудгингонд ка цудæй, уонæн ниххатир кæнуни туххæй унаффæ ку рахаста, уæд Темурхъанти Сослан æрбаздахтæй Дзæуæгигъæумæ. Косун райдæдта Иристони ахуради хайади ЛИТО-ий. Адтæй фингсути æма тæлмацгæнгути хайади иуонг. ЛИТО æхгæд ку 'рцудæй, уæд Сослан куста Адæмон рохсади комиссаради Хуæнхон типографий ирон æвзаги корректорæй. 1923 анзи Хуæнхон ОГПУ-ий унаффæй Сосланæн Дзæуæгигъæуи цæрун æма косуни барæ нæбал адтæй. Мæздæгмæ цæунвæндæ искодта, æма ин Ирон историон-филологон æхсæнадæ бабарæ кодта, цæмæй æртасун райдайа ирзонæн фарстатæ – Мæздæги æма Кубани нæ адæмæй цæргути туххæй алихузон бæрæггæнæнтæ æмбурд кæнун (сæ цæрæнбунæттæ, цæргути нимæдзæ, культурон уавæр, ахурадæ), уæдта ма адæмон исфæлдистадæ финсун. Еци ахсгиаг ихæс Сослан исæнхæст кодта зæрдиагæй.

Фæстæдæр Сослан цæрæнбунатæн равзурста сахар Кисловодск. Ами дæр зæрдæмæдзæугæ куст не 'ссирдта. Сослан уарзта Иристон, фæндадтæй æй Иристони цæрун, косун, нæ адæмæн хуарзи цæун. Фал ин æвардтонцæ цæлхдортæ. Фæстагмæ разиндтæй уæхæн адæймæгутæ, Советон хецауади нихмæ архайунбæл æй ка ардудта, уæхæн адæймæгутæ дæр. Нæ син бакумдта, адæм Советон хецаудзийнади фарс æнцæ, æма мæ адæми нихмæ куд рацæуон, зæгъæ, син равардта цæхгæрмæ дзуапп.

Дзæуæгигъæуи цæруни барæ ин нæуæгæй равардтонцæ 1925 анзи 25 январи. Еци анз феврали балæвардта курдиадæ ЕК(б)П-ий облæстон комитетмæ, советон хецауади национ политики хæццæ арази ке æй, æма 'й ке фæндуй косун Иристони хуарздзийнадæн. 27 феврали Сослан райдæдта косун ирон æвзаги ахургæнæгæй Ирон педагогон техникуми, Æфсæнвæндаги скъолай æма Ирон педагогон институти рабфаки. Е 'нæзæрдихудт кусти туххæй 1925 анзи финста газет «Власть труда». Фал бабæй ин Советон хецаудзийнади нихмæ архайгутæ райдæдтонцæ цард æзмæнтун, циуавæрдæр Базали ин æ къох бафинсун кодта цидæр мæнгæ гæгъæдибæл.

Æма Темурхъанти Сослани 1925 анзи мартъий æрахæстонцæ, контрреволюцион куст кæнуй, зæгъæ, рæуонæй. Бæргæ ма финста ахæстдонæй, цæмæй æй фæййервæзун кæнонцæ, æ адæмæн лæгъузæй не некæд неци ракодта. Фал игъосæг нæ фæцæй, рæстзæрдæ, æвудæй æфхуæрд лæгмæ. Аст мæйемæй фулдæр фæббадтæй ахæстдони æнæ тæрхонæй. Иристони облæсти Адæмон ахуради хайадæй фæййагъази туххæй ма уæхæн гæгъæди дæр бæргæ æрбарвистонцæ:

«Настоящим Северо-Осетинский Областной ОНО удостоверяет, что гр. Темирханов Сослан известен в осетинской литературе, как автор истории осетинского народа на осетинском языке, собиратель памятников народного творчества Осетии и переводчик на осетинский язык. Гражданин Темирханов известен кроме того, как хороший знаток осетинского языка. До своего ареста гр. Темирханов Сослан занимал должность преподавателя осетинского языка. Исходя из изложенного Северо-Осетинский Областной ОНО полагает, что он и в дальнейшем может быть полезным осетинской переводческой литературе.

Зав. Сев. Осет. Обл. ОНО Дзагуров.

Секретарь Джанаев».

Фал байрæги æй. Сослани гъуддагмæ кастæнцæ Ростови, æма ин ОГПУ рахаста маруни тæрхон. Фехстонцæ 'й 1925 анзи 11 декабри. Паддзахади номæй архайæг æверхъау фудгæнгутæ раскъудтонцæ нæ Иристони разагъди лæгтæй еуей цард – нæ адæми знæгтæ сау ингæни хай бакодтонцæ дессаги хæларзæрдæ, искурдиадæгин, цæстуарзон, цардбæллон адæймаги.

Æ алæмæти рауон-циоундзийнадæмæ гæсгæ куд нæ бахъонц кæнæн, цæруни равгæ ма ин ку фæцайдæ, уæд цæйбæрцæбæл берæ ма ин бантæстайдæ исаразун нæ адæми истори, æ уодварни ратæдзæнтæ æртасуни гъуддаги, æхсæнадон æма культурон царди!.. Уæззау рауадæй æ ирисхъæ, фал рæстзæрдæй хъазауатгæнæги цардвæндаг лигъз некæд фæууй. Цал æма цал тæрегъæддаг ирисхъи иссæнцæ уомæн æвдесæн: райгурæн Иристонæн æ цард ка не 'вгъау кодта, етæ æверхъауæй мард æрцудæнцæ знаги къохæй.

Темурхъанти Сослан исфæлдистадон куст кæнун райдæдта 1900 анзи, нæуæдæсанздзудæй. Æ фельетонтæ æма радзурдтæ (иронау финст) мухургонд цудæнцæ газет «Ног цард»-и. 1907 анзи фæстаг мæйити ин «Ног цард»-и рацудæй колониалон системи нихмæ финст радзурдтæ æма таурæхътæ – «Минас», «Ирæд», «Ног хъалон», «Сæрдыгон уарын», «Залкалм», «Зындон сноги», «Уастырджи æма сау барæг», «Иу таурæгъ нæ цардæй». Адтæй газет «Кермен»-и уацхæссæг дæр. Ами рацудæй æ радзурд «Фæллой». Дзубанди си цæуй æрдзæмæ хæдзардзин цæстæй кæсун ке гъæуй, уой туххæй. Уруссагау ин мухурæй рацудæй историон очерк «Осетины».

Фиццаг хатт Иристони историй туххæй иронау финстæй зонадон куст Дзæуæгигъæуи Габисати типографий мухурæй рацудæй 1913 анзи. Киунугæ «Ирон истори»-й автор æй Темурхъанти Сослан. Кæд æй цензурæ фæццубуртæ кодта, уæддæр махæн абони дæр ма 'й устур ахсгиаг æма хъазар куст. Автор си равдиста нæ адæми евгъуд дзамантæ, сауæнгæ сæ равзурдæй фæстæмæ, сæ фиццагдæр райгурæн бæсти куд цардæнцæ, Кавкази куд фæззиндтæнцæ, куд нихъхæлеутæ 'нцæ Европи, сæ культурæ лæборгути хæццæ тугъдтити хауæццаг куд кодта…

Темурхъанти Сослан адтæй Иристони рæстзæрдæ æма æ сæрбæлтау æновудæй хъиамæтгун фурт. Æгæрон уарзтæй уарзта æ Райгурæн бæстæ, æ фидтæлти зæнхæ, æ адæми, æ маддæлон æвзаг. Сагъæс кодта нæ адæмбæл, æ ирисхъæбæл, нæ культури исонибонбæл. Адæм сæ маддæлон æвзаг ку нæ зононцæ, уæд нацийæн ирæзæн нæййес – уотæ нимадта Темурхъанти Сослан. Еци фарста махæн кæддæриддæр æй ахсгиаг.

**АБАЙТИ Марк**



ТЕМУРХЪАНТИ Сослан




Аци циртдзæвæн ТЕМУРХЪАНТИ Сосланæн æвæрд æрцудæй Мæздæги.

***БРИТЪИАТИ Елбиздихъо (1881-1923), драматург: «Адæми фарнæ берæ 'й... Еу лæги тухæй тухгин æнцæ адæм... Берæ 'й адæми тухæ, æцæг се 'хсæн еудзийнадæ ку уа, уæд... Адæммæ сæхе æвзагæй ку исдзорай, сæхе æгъдау син***



## САНАТИ Уари

# КЕРМЕН

### *Уацау*

Уацау аййевгонд æй кинонивæ «Кермен»-æй къартæй. Кермени роли – Уæрæсей адæмон артист УАТАТИ Бибо (1939-2000). Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.

Мæхæмæтæн дæр ма Хуцау хуæздæр хуарз ци ракæна? Берæ гъезæмæрттæ æма сагъæстæ ци гъуддаги фæдбæл гъудæй, е æнцонæй æфтуйуй нур æ къохи.

Мæхæмæт, Хаджи-Паго си куд курдта, уомæ гæсгæ исæмбалдæй æ иуазæгдони. Æгасцæуай ин загъта Хаджи-Паго, цæнхæ, кæрдзинæй æй хъæбæр исбоц кодта. Уотæ ин зæгъуй ниуазæн дæтгæй:

– Нæ исæмбæлди рæуагæ Кермен æй. Е мæнæн æй мæ лимæни æнсувæр. Уæдта айдагъ мæнæн æма дæуæн нæ, фал е æй нæ алке æнсувæр дæр. Сумах, ирæ, уæлдайдæр æфтауæд Хъобан, хиццаг уомæй айтæ, æма еци изæд уæ реубæл ке исгъомбæл æй. Гъема дин, Мæхæмæт, уой туххæй мæ ниуазæн дæттун. Деденæг калæд Хъобан, Кермени хузæнттæ си фулдæр куд æнтæса, еци бони фарнæ 'й уæд!

Хаджи-Паго Мæхæмæти исбоц кодта, ци имæ адтæй, уомæй, уæдта рахаста дууæ æхси байрагдзармæй, дууæ зæнгойи рæсугъд хуйæндагæй худ æма хуæрзнад æркъиаг дзабуртæ.

– Мæхæмæт, мæнæ дин мæ лæвар æхсæ сæгутти хуйæндагæй, мæхе конд. Æвдесæн фæуутæд нæ фиццаг исæмбалдæн. Ани ба мин мæ номæй Керменæн раттæ.

Æма еци дзубандитæ кæнгæй, кæрæдземæн хуæрзбонтæ ракодтонцæ.

Мæхæмæтæн еци лæвæрттæ æ къохи ку бафтудæнцæ, уæд æ цийнæн кæрон нæбал адтæй.

– Фæллæууæ, берæгъ, хъапхан дин мæ къохи ес нур, тагъд си бахаудзæнæ! – æвзедæнтæ кодта æ меднимæр Керменмæ.

Рараст æй Мæхæмæт Хъобанмæ. Тундзтæй, цæмæй тагъддæр бахъæрта Хъайсæнмæ, сæ сау гъуддагæн унаффæ кæнунмæ. Æхсæвæ ибæл бон нæбал кодта, бон ба æхсæвæ, уотемæй Хъобанбæл куд исæмбалдæй, уой лæдæргæ дæр нæ бакодта.

Хаджи-Пагой лæвæрттæбæл Хъайсæнетæ уотæ фæццийнæ кодтонцæ, цума етæ лæудтæнцæ устур ивулд дони билæбæл æма си бацæунмæ сæ нифс нæ хастонцæ, æма син нур еци дони сæрти хед фæззиндтæй, уой хузæн.

Мæхæмæт лæмбунæг балæдæрун кодта Хъайсæнæн, Хаджи-Пагобæл куд исæмбалдæй, æма ин Хаджи-Паго ци фæдзахста, уой: «Зæгъæ, дан, Керменæн, зæрдæ дин ци гъуддагæй байвардтон æма мæ барæ ке бакодтай, уой туххæй дæмæ уодзæнæй хабар…» Æз æй аййевæй къахтон, ци ин æ барæ бакодта, уомæй, фал мин неци загъта Хаджи-Паго.

Хъайсæн игъæлдзæг хузæй исдзурдта:

– Æ барæ ин ци бакодта, уой дæр базондзинан Хуцауи фæрци. Мах бал æнгурæ гъудæй æма нæ къохи бафтудæй. Нур кæсалгæ ниййахæсдзинан æууæнкæй! Æз архайун, куд мæбæл æууæнда, уобæл: цума ми нæ фæрристæй нæ зæнхи рафæлдæхт, уоййау рауагътон мæхе. Мæхæмæт, ду фулдæр бæнтти дæ мади 'рвадтæлтæмæ исгъомбæл дæ, Кермен дæбæл неци гурусхæ кæнуй. Кермени бауæндун кæнун дæуæй аразгæ 'й. Бауæндун æй кæнæ, цума Хаджи-Пагой хæццæ хъæбæр рагæй зонетæ кæрæдзей, цума уе 'хсæн сосæгдзийнадæй некæд неци адтæй, уотæ. Цубур дзурдæй, Хаджи-Паго æхседарф æй æма си Кермени тайун кæнæ. Ка 'й зонуй, кæд дин Кермен исгъæр кæнидæ, Хаджи-Пагой хæццæ ци кæнунмæ гъавунцæ, уой. Дзабуртæ æма бал зæнгæйттæ ма раттæн Керменæн. Сæ раттунæн хуæздæр рæстæгутæ искæндзæнæй. Æцæг сæ Керменæн ма исгъæр кæнæ!

Мæхæмæт Кермени гъæуай кæнун байдæдта, æма еухатт æ размæ фæцæй æ каййестæмæ цæугæй. Цума ибæл хæрхæмбæлд ракодта, уоййау дзоруй игъæлдзæгхузæй:

– Кермен, æз ба ма дæмæ уæхемæ цæуйнаг адтæн.

– Идард нæ ан, раздæхун нæ бон æй, – загъта Кермен.

Мæхæмæт загъта:

– Дæ балци дин нæбал къулумпи кæнун. Кæсæгæй дæмæ ес нистауæн, æма дин æй ами дæр зæгъдзæнæн.

– Кæсæгæй? – рафарста Кермен. – Е дессаг уодзæнæй!

– Зæрдиаг саламтæ дин æрветуй Хаджи-Паго. Нифс, дан, дин ци гъуддагæй æвардтон, е тагъд рæстæги мæ къохи бафтуйдзæнæй æма дæмæ хабар уодзæнæй. Мæнæ дин айæ ба æ лæвар! – æма Керменмæ равардта æхсæ, – æхе къохтæй конд, сæгутдзармæй.

Кермен æ цæстæ не 'сдардта Мæхæмæтмæ, хилæ адтæнцæ, фал æхсæ æма æ лимæни коймæ æрæгиау æрлæмбунæг æй. Райста æхсæ æма имæ уотæ фæккастæй, цума Хаджи-Пагойæн æхе фæууидта. Райарфæ кодта зæрдиагæй, уæдта рафарста:

– Бахатир кæнæ, Мæхæмæт, Хаджи-Пагой кæцæй зонис? Хуарз лимæн дин æй æви ескæд гъуддаги исæмбалдайтæ? Куд лæгæй æй зонис Кæсæги?

Мæхæмæтæн зин нæ адтæй еци фарстатæн дзуапп раттун.

– Куд дин æй зæгъон, Кермен… Хаджи-Пагой хæццæ куд зонгæ ан, уомæй æй дæхуæдæг, ку исæмбæлайтæ, уæд бафæрсæ, фал дин цубурæй зæгъдзæнæн: нæ астæу сосæгдзийнадæй неци ес, кæрæдзебæл æууæндæн. Мæнæ уинис, аци æхсæ, дæ æхси æмбал – е мин лæвар æй. Куд лæг æй, зæгъгæ, мæ фæрсис, æма дин уой зæгъдзæнæн: æз мæхуæдæг исгъомбæл дæн Кæсæги – Келехсати астæу. Хаджи-Пагобæл ка фæууæлахез уа цæнхæ-кæрдзин, æмгарæ-æууæнкæй, уæхæн нæй. Æз æй некæбæл байиевдзæнæн, уой туххæй æма мин æй, мæ зæрдæ адгинæн ке иссирдта, еци лæг.

Кермен загъта:

– Куд кæсун, Мæхæмæт, уотемæй нин Хаджи-Паго æмбес æрдхуард рауадæй нæ дууемæн дæр! Арфæ дин кæнун, Мæхæмæт, зæрдиагæй æма амондгун уацхæссæг фæууо нæ астæу. Ку ма фæууинай Хаджи-Пагой, салæмттæ ин раттæ мæнæй. Æнгъæлмæ ин кæсдзæнæн æ хабæрмæ.

Еци дзубандити фæсте Мæхæмæт раздахтæй Хъайсæнтæмæ. Кермен ба рараст æй æ надбæл.

Керменæн æ зæрдæ байигъæлдзæг æй, æ цæститæбæл уадæнцæ рæсугъд нивтæ. Цæветтонгæ, Хаджи-Паго ин нифс байвардта Алихани фæййервæзун кæнунæй æма ма хуæздæр цæмæй байигъæлдзæг адтайдæ! Кæд æ над адтæй хуæнхтæбæл, нарæг кæмтти, фæззелæнти, уæддæр имæ уотæ кастæй, цума æ над адгин æй, Æ цæститæбæл уадæй Госæгъай медбилти ходун, цума Хаджи-Паго минкъий Алихани хæццæ лæудтæй Госæгъай размæ.

Уæхæн рæсугъд гъудитæ æ зæрди игурдæнцæ, æма имæ уотæ кастæй, цума æ зæронд дзæппазтæ, æносон хуæнхтæ фæлмæн худтæнцæ.

Гъæйдæ æма ма фæззийнадæ кæнæн, фæззелæн Мæхæмæти 'рдæмæ дæр, цума е ба ци косуй.

Мæхæмæт дæр Керменæй минкъийдæр нæ цийнæ кодта. Æцæг Кермени цийнæ адтæй рæсугъд, æнæтæрегъæд. Мæхæмæти цийнæ ба – цъаммар, мæнгард, фидбилиз, тæрегъæдгин, фудбони уазал тумугъ.

– Кермен, Кермен! – исдзоруй æ меднимæри. – Дæ фурцийнæй дæ расуг ци Хаджи-Пагой ном кæнуй, уомæй дин мах дæ адзал иссердзинан!..

Мæхæмæт исæмбалдæй Хъайсæнбæл æма ин лæмбунæгæй радзурдта Кермени хæццæ æ фембæлди хабæрттæ.

Уæд Хъайсæн исдзоруй:

– Нур нин фадуат фæцæй Кæсæгмæ æ расайунæн. Цæуддзинан бал нæхуæдтæ Кæсæгмæ, уоми ин Хаджи-Пагой хæццæ ци гъуддаг ес, уой бæлвурддæр базондзинан, уæдта ин уой фæсте ратдзинан дзабуртæ æма зæнгæйттæ дæр, цума имæ Хаджи-Пагой æрветуй, уотæ. Гъæуама си баруагæс уа…

Сæхе исрæвдзæ кæнунцæ æма рараст унцæ Кæсæгмæ. Кæсæги сæ мади 'рвадтæлтæмæ сæ фæндитæ тухгин фицунцæ Кермени фесафунбæл, фал Кермен æма Хаджи-Пагой æхсæн ци гъуддаг адтæй, уой бæлвурдæй нæ зудтонцæ, уомæн æма, се 'намондæн, Хаджи-Паго адтæй балций. Гъе фал ралух кодтонцæ, цума ин Хаджи-Паго æмгъуд кæнуй æма ин амонуй бунат сæ исæмбæлунæн Елхотти дæллæй Гала-бæласи бунмæ.

* * *

Кермен адтæй æ каййести хæдзари, Баймæтатæмæ. Æ нæртон зæрди уæхæн цийни лæсæн рацудæй, æма ин дуйней къардеутæ дæр нæ фагæ кодтонцæ. Уотæ дзоруй Госæгъайæн:

– Уинис, де 'нсувæри къохи æрмдзæф, аци æхсæ сæгутдзармæй æхе конд æй. Æркæсай имæ листæг? Аци лæвар мæбæл куд исæмбалдæй, уотæ тагъд нæбæл Хаджи-Паго æма Алихан æмбæлдзæнæнцæ. Хаджи-Пагой уæгъдæ дзубанди некæд исервæздзæнæй. Æ зæрдæ кард æй, ци нæ ралух кæндзæнæй, уомæй æй ласгæ дæр нæ кæнуй. Ку 'й исласуй, уæдта 'й æнæ ралухгæнгæ нæ тъунсуй æ кæрддзæми. Мæхæмæт Кæсæги æй æма нин си ести хабар хæсдзæнæй е дæр. Кæд Мæхæмæт ме 'знæгтæй æй, уæддæр Хаджи-Пагой зонгæ ке æй, уой туххæй ибæл æууæндун.

Уæд Госæгъа уотæ зæгъуй:

– Нæ зонун, нæ зонун цæмæн æй, фал мæ зæрдæ куддæр таси медæги æй, Хаджи-Паго æма де 'хсæн Мæхæмæт ке бацудæй, уомæй. Æзини знаг абони лимæнæн зин иссерæн æй.

– Æма нæмæ ци знаггадæ гъæуама дара Мæхæмæт? Давгæ ку некæмæй неци кæнæн, рæстæй цæрæг адæм ку ан, маст ку некæмæн искодтан? Нæ, уæлдай гурусхитæ нæ гъæуй. Æрбабон æй: хестæртæй мæ еске ардигæй рацæугæ ку фæууина, уæд федиссаг кæнун.

Кермен Дæргъæвси лигъзи ку рацудæй, уæд Къæхтисæри хæрхæмбæлд фæцæй æ хуарз æмбал Бадзуати Абурæгбæл. Абурæг æй раздæр базудта, игъæлдзæгхузæй имæ исдзурдта:

– Гъæйтт, Баймæтати боц сиахс, уотемæй нæ рандæ уодзæнæ!

– О, Нарти Хæмиц! – фæгъгъæр кодта Кермен. – Кæми бабæй мин адтæ?

Еци дзурдти хæццæ кæрæдзей ракъуæр-бакъуæр кæнун райдæдтонцæ сæ бæхтæй.

– Бестоли фурт, æз дæ каййестæмæ цæмæннæ дæн? Ци тарст син кæнис харзæй? Æви Госæгъайæн æвзаг бакæнунæй тæрсис?

– Раст зæгъис, Абурæг. Алцидæр дæбæл æнгъезуй зæгъун: æз раст нæ дæн.

Абурæг фенгаст æй Кермени бæхмæ:

– Кермен, аци бæх дæмæ кæцæй æрбафтудæй?

Кермен загъта:

– Равардта мин æй ме 'рдхуард æнсувæр Хаджи-Паго, Абайханти саулохтæй еу.

– Раст зæгъис, Кермен, кæдзос саулохаг æй: берæгъфарс, цубурастæу, къуптæрних, зилдсæфтæг… Хайир уæд, хайир, устур лæвар дин ракодта де 'рдхуард, фал ма мæн дæр æ хæццæ базонгæ кæнæ!

– Уомæн нин амал ес, Абурæг. А дууæ бони æ хæццæ гъæуама фембæлæн, æма уæд Баймæтати хæдзари нæ тæрегъæдтæ искæдзос кæндзинан, – загъта Кермен, уотемæй æ гъæлæсидзаг ниххудтæй.

– Гъæйдæ, мадта, Кермен, бахуæрунæй бангъæлмæ кæсун хуæздæрæн фæууæд. Æцæг мин мæ цæститæ æнгъæлмæ кæсунæй ма ниууорс кæнæ.

– Берæ рæстæг дæ нæ баудздзæнæн æнгъæлмæ кæсун. Хаджи-Паго, Абурæг æма Кермен Баймæтати хæдзари тагъд рæстæги дæтдзæнæнцæ кæрæдземæ ниуазæнтæ.

– Дæ цъухи æхсирфæмбал, Кермен! Æцæгæй æрцæуæд еци амондгун сахат! – загъта Абурæг.

*(Идарддæр. Райдайæн 16-аг номери)*

Музейти Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 18 майи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики музейти еугур косгутæн дæр!..

***дæ зæгъуйнæгтæн бунæвæрæн ку искæнай, уæд дæ балæдæрдзæнæнцæ… Мæгур косæг адæмæн сæ нæдтæ амунд æнцæ, еци амунд нæдтæбæл сæмæ седдзинан ирон æвзагæй…»***

– Хаджи-Паго мæмæ æрветуй, ка 'й зонуй, цæун ку багъæуа Кæсæгмæ, мæхецæн æмбалæн уæд дæу нимайун.

– Цæттæ дæн, Кермен! Кæсæгмæ нæ – кумæфæндидæр.

Æцæг мæмæ раздæр фæххабар кæнæ.

Еуминкъий ма радзубанди кодтонцæ, уæдта хуæрзбон загътонцæ кæрæдземæн. Кермен рараст æй Хъобанмæ, Абурæг ба Дæргъæвсмæ.

Берæ рæстæг нæ рацудæй, уотæ, Кермен æнгъæлмæ ци хуарз хабармæ кастæй, е бафтудæй æ къохи: фембалдæй Мæхæмæти хæццæ. Мæхæмæт нур зудта, кæцирдигæй имæ бацæун гъæуй, уой. Æ зæрдæ ин æлхæдта æма 'й расуг кодта Хаджи-Пагой номæй. Дзурдта ин:

– Мæ иссудбæл цæуй æртæ бони, мæ ихæс дин адтæй дæ нистауæн раздæр фегъосун кæнун, фал дæбæл рафарстон æма уæхемæ нæ адтæ.

– Раст дин ку зæгъон, Мæхæмæт, уæд дæ иссудмæ хъæбæр æнгъæлмæ кастæн. Кæд дин, ка 'й зонуй, бантæстæй Хаджи-Пагой фæууинун. Дæ фæууиндæ мин, æхе фæууинди хузæн, æхцæуæн фæууй.

Мæхæмæт загъта:

– Гæрр, Кермен, æма æз Кæсæги уогæй, кæмæ гъæуама бацæуон Хаджи-Пагойæй раздæр? Раст æ тæккæ хæдзари бадтан æма цубур, фал æхцæуæн рæстæг рарвистан. Зæрдиаг саламтæ дин æрвиста æма курдта хатир, æрæгæмæ дæбæл ке æмбæлуй, уой тухххæй. Æртæ боней æмгъудмæ, зæгъуй, бафæразæ, уæдта дæмæ зиндзæнæй. Фал, зæгъуй, ци нæ фæууй, ка 'й зонуй, еци æмгъудмæ мæнæн ку нæ бантæса, уæд багъæудзæнæй дæхе исæмбæлун ардæмæ.

Еци дзубандитæ ку кодта Мæхæмæт, уæд лæмбунæг кастæй Кермени цæсгонмæ, цума ин æ зæрди сосæгдзийнæдтæ агурдта, уой хузæн. Фал Кермени цæсгонбæл неци зиндтæй, æнæзæрдихудт æма уарзонддзийнадæй уæлдай.

Кермен бафарста:

– Ægириддæр дин неци загъта нæ фембæлæн бунати тухххæй?

Мæхæмæт гъазгæ хузæй исдзурдта:

– Кермен, уой ардигæй байамонун хъæбæр зин æй, фал кæд æхуæдæг фæззиннидæ уæдмæ. Кæд æма нæ фæззинна, уæд мæхуæдæг нæ базийнадæ кæндзæнæн дæу уордæмæ нихъхъæртун кæнунмæ.

Еци дзурдти фæсте десхузæй Мæхæмæт дзоруй:

– Гъо, хæдæгай, Кермен, минкъийтæбæл ми иронх кодта!.. Æхуæдæг ба æ фæсарцæй райста зæнгæйттæ дзабурти хæццæ æма имæ сæ дæттуй. – Мæнæ мæмæ ани равардта, зæгъгæ, æ каййестæмæ ку цæуа, уæд сæ искæнæд.

Кермен еци лæвар ку райста, уæд æфсармæ дæр æма цийнæ дæр æ зæрди иссугъдæнцæ. Мæхæмæти 'рдæмæ ма имæ æнæуууæнкæдзийнадæй цидæриддæр адтæй, етæ, уæрмæ зæнхæй ку райдзаг кæнай, уой хузæн ралигъз æнцæ. Кермени зæрдæ куддæр тæрегъæд кæнуни 'рдæмæ фæззилдæй Мæхæмæтмæ. Кастæй имæ еци сахат раст бустæги æнæтæрегъæд адæймаг. Хъæбæр зæрдиагæй ин æ къох райста æма имæ хæлархузæй дзоруй:

– Арфæ дин кæнун, Мæхæмæт, мæн тухххæй дæхецæн ке базин кодтай, уой тухххæй. Æз дæр дин дæ дзæбæхтæ мæ уæле нæ ниууадздзæнæн.

Æма рахуæрзбон кодтонцæ кæрæдземæн.

Кермен æнгъæлмæ кæсун райдæдта, æма имæ бон мæйæ зиндтæй, æхсævæ ба анз. Кæд цийфæнди даргъ адтæнцæ еци æртæ бони, уæддæр рахецæн æнцæ, фал некæцæй зиндтæй Хаджи-Паго.

Кермен исфæндæ кодта, мæхе цæун гъæуй, зæгъгæ. «Ести гæнæн æма ин амал ку адтайдæ Хаджи-Пагойæн, уæд е 'мгъуд нæ фæссайдтайдæ. Ци киндæуа нур? Абурæги хæццæ цæуинæ, æма бæлвурд нæ зонун, кумæ цæугæ 'й, уой. Мæхæмæти хæццæ цæуинæ, æма Хаджи-Паго Алихани ку æрбакæна, уæд Мæхæмæти мади 'рвадтæлтæмæ еске цъухххæссæг ку фæууа!»

Мæхæмæтæн дæр æ зæрдæ æнцад кæми адтайдæ, рабæрæг бабæй кодта æ нивонди:

– Кермен, цæй ци хабар ес не 'нсувæрæй?

– Æвæдзи, мæхе цæун багъæудзæнæй, – загъта Кермен.

– Æма ци зийнадæ кæнæн, – бадес кодта Мæхæмæт, – кæд æгирид неци, уæддæр си еу бæхæргъау дæр нæ разæй фæккæнианæ.

– Бæхæргъау нæ, – загъта Кермен, – фал еци æнамонд биццеуи тухххæй, æвæдзи, цæун багъæудзæнæй…

* * *

Кермени сæрмæ мегътæ æмбурд кæнун райдæдтонцæ. Раст ин Мæхæмæт æма Хъайсæн ци над иснивæ кодтонцæ, уобæл ниллæудтæй. Уотæ зæгъуй æхецæн: «Цæй, ци ма тухсун кæнун Абурæги дæр? Хаджи-Пагойæн бæлвурд æ амунд бунат ку зонинæ, уæд Мæхæмæти дæр ниууадзинæ. Фал æй нæ зонун, æма цæун гъæуй Мæхæмæти хæццæ. Æхсæвæ мæ балций гъуддаг рарæвдзæ кæндзæнæн æма ниууайдзæнæн Мæхæмæти хæццæ. Сæумæй ескæми бонасадæн искæндзæнæн, Мæхæмæт ба мин Хаджи-Пагомæ фæххабар кæндзæнæй…» Мæхæмæтæн лигъстæ кæнун нæ багъудæй: Хуцауæй ци курдиадæ агурдта, е æнцонтæй æ къохи æфтудæй. Сæхе цæттæ кодтонцæ, цæмæй рараст уонцæ сæ надбæл.

Госæгъай зæрди бацудæй цидæр æнахур тас:

– Устур дессаг, – загъта е Керменæн, – мæ зæрди цæмæдæр гæсгæ тас бацудæй? Уотæ мæмæ кæсуй, цума æнамонд хабар фегъосдзæнæн. Мæхæмæти кой мæ зæрдæбæл хелаги хузæн æхе æртохуй… Ци ба нæ рауайуй мæ цæститæбæл? Еске тагъд-тагъдæй ку æрбацæуй нæ рæзти, уæддæр тæрсгæ фæккæнун. Ци хабар æй, нæ зонун… Хуцау æй хуæздæрæн фæккæнæд…

* * *

Рараст æнцæ сæ надбæл Керменетæ. Дзæвгарæ ку рацудæнцæ, уæд Мæхæмæт æхси гъæдæй байамудта Керменæн идардмæ Галайи бæласæ. Бæласæмæ ку фæххæстæгдæр æнцæ, уæд Мæхæмæт дзоруй:

– Цæй, Кермен, мæнæ аци къилдунмæ нæ бæхтæ исуадзæн æма рахезонцæ. Нæхуæдтæ ба раунаффæ кæнæн, ци нин кæнгæ 'й, уобæл.

Кермен уæлдай неци загъта æма сæхе æрфестæг кодтонцæ, сæ бæхтæбæл исæвардтонцæ хъæдаматæ. Еуминкъий ку рафæстеуат æнцæ, уæд Кермен æ къох Мæхæмæти усхъæбæл æрæвардта æма, æ цæсгонмæ ин кæсгæй, уотæ зæгъуй:

– Мæхæмæт, æз ами байзайдзæнæн, ду ба цо æма фæххабар кæнæ Хаджи-Пагомæ. Фæййервæзун кæнунмæ, зæгъгæ, ке гъавтай, уой ардæмæ ракæнæ. Айдагъдæр ди уой корун, Мæхæмæт, æма не 'рцуд Астемиратæй куд неке зона. Хæран мæмæ 'нцæ æма мæ сæ хæццæ фембæлун нæ фæндуй.

– Уой тухххæй ма секк кæнæ, – загъта Мæхæмæт. – Æз цæун æма дæбæл Хаджи-Пагой хæццæ æмбæлдзæнæн тагъд.

Æма рандæй.

Кермен еунæгæй ку райзадæй, уæд кæститæ кодта, Мæхæмæт æй кумæ æркодта, еци гъæдæмæ, æма уотæ исдзоруй æ меднимæр: «Уæ, мæ тæрегъæд уа Хаджи-Пагой, цума си амæй лигъздæр бунат некæми иссирдта! Æ тæккæ берæгъбадæнтæмæ ин ку багъавта. Дессаг, цума, цæмæн равзурстайдæ ауæхæн тар гъæдæ…»

Цалинмæ Кермен гъудитæ кодта, уæдмæ Мæхæмæт бахъæрдтæй Астемиратæмæ. Мæхæмæти фæззинд Астемирати байигъæлдзæг кодта. Кермени æнамондæн, адтæнцæ æмбурд, Хъайсæн сæ астæу адтæй, уотемæй Мæхæмæт игъæлдзæгхузæй дзоруй, Кермени куд расайдта, уой. Хъайсæн загъта:

– Гъæйтт, Астемиратæ, саг фæрæтмæ 'рцудæй!

Мæхæмæтæн баунаффæ кодтонцæ уотæ:

– Цо æма ин зæгъæ, Хаджи-Паго, дæбæл, зæгъæ, æмбæлдзæнæй тагъд. Мах дæр цæуæн дæ фæсте, æрхити исæудзинан, бæласи ауони æрбаддзинан æма, еуминкъий ку рафæстеуат уай, уæдта дæхе исцæуæг кæнæ Хаджи-Пагомæ ракæсуни рæуонæй, æма уæд дæхуæдæг дæр нæхердигæй фæууодзæнæ.

Еу къуар дзаманти ма рафæстеуат æй, уæдта рацудæй Мæхæмæт. Уалинмæ Мæхæмæт Кермени рази æрбалæудтæй игъæлдзæгхузæй æма имæ дзоруй:

– Кермен, амонд нæ рæвдауй! Хаджи-Пагой ниййафтон сæхемæ, цидæр иуазгутæ имæ адтæй, æма ин балæдæрун кодтон дæ хабар. Хъæбæр æхцæуæн ин адтæй, мæхе дæр мин бауорæдта: æнхæст, дан, иуазгутæ рандæ уонцæ, уæдта еумæ цæудзинан, зæгъгæ, фал æз нæ ниллæудтæн, мæ мади 'рвадтæлтæй мæ еске ку фæууина, уомæй тæрсгæй.

Кермен загъта:

– Хуарз бакодтай, Мæхæмæт – гъæуай кæнун хуарз æй!

Еци рæстæги сæ алливарс æртухстæнцæ Астемиратæ æма Хъайсæн. Мæхæмæт дзурдтæбæл дардта Кермени. Еудзæвгарæ рæстæг ку рафæстеуат æнцæ, уæд Мæхæмæт æнайæнойти дзоруй:

– Ци æрæгæмæ цæуй Хаджи-Паго? Тагъд æрбацæуйнаг ку адтæй! Цæуон æма имæ ракæсон, – æхуæдæг ба исистадæй æма æрхи 'рдæмæ фæррраст æй.

Еудзæвгарæ ку ниууадæй æма ку фæййауун æй, уæд æ бæх пихсити рабаста æма Хъайсæни 'рдæмæ рараст æй. Еци рæстæги Кермен æ бунатæй исистадæй, æма сабургай рараст æй бæласи 'рдæмæ. «Æнæфæууингæ мин нæййес Хаджи-Пагой бæрæггæнæн Галайи бæласæ», – рафæндæ кодта Кермен æма бæласи размæ ку 'рцудæй, уæд имæ кæсуй æдзинæгæй æма æхенимæр дзоруй: «Æ цъоппæй ин ку ракæсинæ…» Æ топп исиста æма 'й бæласæбæл бакъолæ кодта. Бæласæмæ хæрдмæ ку искастæй, уæд æ сæрмæ, цума пихсæ фезмалдæй, уотæ имæ фæззиндтæй. Цума, ци уа, зæгъгæ, идарддæр ниууадæй, æ топп бæласи зæнги рази ниууадзгæй. Пихсæй имæ фæззиндтæй лæг. Кермен æ топмæ куд фæззилдæй, уотæ фиццаг гæрах исæмбалдæй æ зæнги хæцъæфбæл. Топп райсунмæ ма тундзтæй, фал мæцкъортæ æ къæхтæбæл истухтæнцæ æма рахаудтæй. Керменæн æ фестад æма Мæхæмæтæн ба топмæ бауад исеу æнцæ. Стайи хузæн æхе фехста Кермен, Мæхæмæти къохтæй раскъафта топп æма фæгъгъæр кодта:

– Гъæйтт, цъаммар тог! – æхуæдæг ба 'й кардæй уотæ хъæбæр æрцавта, æма æ сæр зæнхæмæ харбузи хузæн разилдæй. Кермен æхуæдæг дæр æрлæмæгъ æй æма рахъан æй. Фиццаг æй ци кæсгон лæг фехста, е рацудæй æргом, уотæ æнгъалдта, æма нæбал исистдзæнæй. Фал цалинмæ е топп æ агъудæй иста, уæдмæ имæ Кермен фæрраздæр æй: нæмуг ин батудта æ реугудур. Кермен æхуæдæг дæр уæззау цæфтæ фæцæй, æ алливарс гæрæхтæ исберæ 'нцæ. Зæнхæмæ ку 'рхаудтæй Кермен, уæд æй еу кæсгон цæвунмæ гъавта кардæй, фал æй Кермен райахæста æ цохъай думæггæгтæй æма 'й уотæ хъæбæр барæдувта æхемæ, æма сувæллони хузæн æрбасхъиудтæй Кермени гъæбесмæ. Кермен ин ниххуæстæй æ хорхбæл æма загъта:

– Илгъаг æй дæ рази рамæлун, фал хелгутæ æртæ минкъийдæр фæууодзæнæнцæ!..

***Уодзæнæй ма.***



**«Кермени фæстаг тох». ТЕМИРАТИ Виктори конд хузæ.**

**Советон доги нæ кæстæртæн сæ тæккæ зæрдæхцæуæндæр бæрæгбон – нæуæгдзаути Бон – бæрæггонд цудæй 19 майи. Абони нæуæгдзаути еугонд кæд нæбал æй, уæддæр æй æримисæн…**

*Давая совет, о котором вас не просили, приготовьтесь пойти туда, куда не собирались, но могут вас послать.*

☺ ☺ ☺

*– Никогда не надо спорить с глупым человеком!..*
*– А я с вами и не спорю...*

☺ ☺ ☺

*В лотерею разыграли несколько миллионов дураков.****

## ÆДЗÆСТУАРЗОН – ХУЦАУÆЙ ÆЛГЪИСТ, ЦÆСТУАРЗОН – ХУЦАУÆЙ АРФÆГОНД!..


Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

# ЕСКЕ ЦИЙНÆ ДИН ЦИЙНАГ ÆЙ?..

**1.** Кадæртæ сæ зонгити фæрци пайдайаг бунæттæмæ ке бацæуунцæ, еци миуæ бæлвурдæй зонгæй, ести хузи дæ тухсун кæнуй?

**2.** Телеуинунади ци аллихузон гъæзтитæ-еристæ æвдесунцæ, уонæми еске устур æхцатæ ку рамолуй, уæд дæу дæр æрфæндуй уоми архайун?

**3.** Дæ бон æй мæнæ ауæхæн уадзæндзурд: «Ескæмæ соцъа кæнун – еске хуарздзийнадæбæл мæстæйдзаг ун...» хебарæй æримисун?

**4.** Иуазæгути бацæугæй еске дæуæй дзæвгарæ аййевдæр дарæси ку фæууй, уæд дин е гъулæг фæуйуй?

**5.** Еске сувæллæнттæ дæууонтæй ахури æнтæстгиндæр ку уонцæ, уæд дин еци гъуддаг дæ зæрдæ фæссодзуй?

**6.** Де 'мбæлттæй мизд ка цæйбæрцæ есуй, е дæ мæти æфтауй?

**7.** Уæхæн менеуæг дæмæ ес, æма дæ уарзон адæймаги рабарæ-бабарæ фæккæнис де 'мбæлтти зæрдтагонти хæццæ?

**8.** Уотæ дæр рауайуй, æма иннети хæццæ рабаргæй, уонæн сæ фулдæрæмæй дæхе æнæнивонддæрбæл фæнимайис?

**9.** Де 'мбæлттæй еске æ фæлладуадзæн рæстæги гъар бæститæмæ æ фæллад уадзунмæ ку фæццæуй, уæд дæу дæр фæффæндуй уони бафæнзун?

**10.** Нуриккон доги уавæрти айдагъ дæр дæ зунди арæхстдзийнадæ æма раурон-циуондзийнадæй ес исгъæздуг уæн, – еци гъуди дæмæ куд кæсуй?

**11.** Де 'мбæлттæй еске къохи ести уæлахезтæ ку бафтуйуй, уæд дин е æхцæунддзийнадæ 'рхæссуй?

**12.** Де 'мбæлттæй ескæмæ кæд хъазар хуæдтолгæ кенæ райдзаст хæдзарæ ес, уæд дæ е хъор кæнуй?

**13.** Де 'мбæлттæй ескæмæ хъазар, рæсугъдгæнæн дзаумау ку фæууинис, уæд дæу дæр фæффæндуй уæхæн балхæнун?

**14.** Куд дæмæ фæккæсуй, дæ бæсти уæлдæр бунати ке исæвардтонцæ, е дæуæй аккагдæр æй?

**15.** «Хицæ кæмæ нæ фæккæнунцæ, – е æнамонд игурд æй», – аци уадзæндзурд дæ царди зундирахасти æмзæлæ 'й?

### ХАТДЗÆГТÆ

**Аци фарстатæй аразий дзуапп кæцитæбæл раттай, уонæй алкей туххæй дæр дæхецæн банимайæ 2 балли æма сæ еумæйагæй ку банимайай, уæд рабæрæг уодзæнæнцæ æрфарсти хатдзæгтæ.**

**6-10 балли.**

Соцъадзийнадæ дæмæ ке нæййес, е дузæрдуггаг нæй. Дæ зæрдæбæл хуарз бадардтæй царди æцæгдзийнадæ: цæмæй дæ уод ма реса, уой туххæй соцъа ма уо. Царди цийнæй дæ хай есунгъон дæ, уомæн æма дæ зундирахаст æй: ци уа, е хуарз, ци нæййес, уомæн дæр бухсис...

**10-20 балли**

Хъæртуй дæмæ соцъадзийнадæ, фал æй дæ медзæрди ба хонис уотид рæстзæрдæй хицæ. Афонæ дин æй еске цийнæбæл цийнæ кæнунбæл исахур ун.

**22-30 балли**

Соцъагæнагæ дæ. Уотемæй ба уобæл æгæр берæ рæстæг харз кæнун æгиридæр нæ гъæуй, гъæуама дин зундамонæг уа фидтæлтиккон курухон загъд: «Соцъадзийнадæ бæрæгбæнттæ нæ зоную, æ зинг ба мæнгард æй, бустæгидæр дæ нихъхъæзелæ кæндзæнæй...» Уомæ гæсгæ ба соцъа кæнун ниууадзæ æма рæстзæрдæй адæймагон цардæй цæрун байдайæ!

## ЗОНУЙНАГ

# ГÆБУТÆЙ УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ

Гæбути афонæ ке райдæдта, уомæ гæсгæ Цæгат Иристони «Роспотребнадзор» адæмæн сæ зæрдæбæл лæууун кæнуй, гæбутæ ци хуæцгæ незтæ расайунцæ, уони нихмæ профилактики мадзæлттæ.

Гæбутæ раги ке райгъал унцæ, уоми фудгин æнцæ æрдзи уавæртæ – гъар зумæг æма рагуалдзæги хорбæнттæ. Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй гæбутæ Уæрæсей искарз унцæ мартъий кæрони – апърели райдайæни. Æма аци анз дæр – уотæ. Фал медицинон косæндæнттæ игъосун кæнунцæ, адæймагбæл гæбу фæххуæцуни цаутæ, нуриуæнгæ еу æма дууæ ке нæ 'нцæ, уой.

– Мартъий райдайæнæй нæ республики косæндæнттæмæ 'рбацудæй, адæймагбæл гæбу ке фæххуæстæй, 11 уæхæн гъасти. Гæбути хузæ «Hyalomma» цæрунцæ будурти, гъæууат æма æдзæрæг рауæнти. Иннетæй аци гæбутæ 'нцæ ставддæр, уингæ дæр хуæздæр кæнунцæ, æма сæ цæмæй цæгъдунцæ, уæхæн мадзæлтти нихмæ дæр æнцæ федардæр. Иннæ гæбутæй æндæр нецæмæй хецæн кæнунцæ, – зæгъуй Управлений эпидемиологон цæстдарди хайади хецау Цæрикъати Мæдинæ.

Гæбути афони райдайæни хæццæ Управлений специалисттæ адæмæн амонунцæ сæ нихмæ æнхæсткæнуйнаг профилактикон мадзæлттæ.



Фиццагидæр, уæледарæс. Паркмæ, гъæдæмæ, æрдзи бунатмæ фæллад уадзунмæ цæугæй, искæнун гъæуй ирд уæледарæс, цæмæй ибæл гæбу бæрæг дара, уæдта, æхгæд æма даргъдустæ куд уа, уотæ. Хæлафи кæрæнттæ гъæуй ниццæвун цъинда кенæ къахидарæси. Сæрбæл – капюшон кенæ сæрбæттæн бабæттун.

Дуккаг, уæледарæсмæ базелун гъæуй, бауæри цъарæ багъæуай кæнунæн пайда кæнун гъæуй репеленттæй, гъома, химион бауæргъæдтæй.

Æртиккаг, æрдзи гъæбеси уогæй, алли 15-20 минутти дæр адæймаг гъæуама æхемæ æма æ уæледарæсмæ æркæса, уæлдайдæр æфцæкъуатæмæ æма, æнцъулдтæ кæми ес, уæхæн рауæнттæмæ.

Цуппæрæймаг, хе хæдзæрттæ, дачитæ кæмæн ес, етæ сæрмагонд организацити агъазæй гæбути нихмæ фæрæзнитæй сæ зæнхитæмæ гъæуама базелонцæ.

Гæбу куддæр фæххуæца, уотæ хе мадзæлттæй архайун нæ гъæуй, фал æвæстеуатæй гъæуй, хæстæгдæр ка уа, еци медицинон косæндонæмæ фæттагъд кæнун.

***Нæ уацхæссæг***

### РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Уæрæсей паддзах исуни размæ Иван Грозный, финддæс анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд æй бафæндадтæй уосæ 'рхонун. Æма ин æ цæрæн рауæнмæ æрбакодтонцæ мин æма æрдæги бæрцæ кизгуттæ – еу иннемæй уиндгундæр. Лæхъуæн си равзурста Захарьина-Юрьева Анастасийи. Уæд кизги фидæ ба ци бунати куста?**

а) Сокольничий (паддзахи уарийти хæццæ цауæн аразæг).

б) Окольничий (паддзахмæ хæстæгдæр бунæттæй дуккаги бадæг).

в) Оружничий (паддзахи хотухти къазна дарæг).

**2. Абони нæдтæбæл цæуни æдасдзийнадæмæ цæстдарæг инспектортæ кæмæй пайда кæнунцæ, еци «гъолæнттæ» лæдзæг æргъуди кæнунбæл декабри æнхæст кæнуй дууæ æма фондзинсæй анзи. Ку фæззиндтæй, уæд адтæй еу хузи хурст. Циуавæр хузи?**

а) Цъæх. б) Сурх. в). Æрвхуз.

**3. Цалгай «æнгулдзитæ» (нихтæ) ес тикиси раззаг æма фæстаг къæхтæбæл?**

а) Фæндзгæйттæ. б) Цуппæргæйттæ. в) Фæндзгæйттæ æма цуппæргæйттæ.

**4. Еврупи тæккæ минкъийдæр (карликтæ сæ хонунцæ) паддзахæдтæй уæддæр тæккæ устурдæр кæци æй?**

а) Андорра. б) Лихтенштейн. в) Монако.

**5. Французаг æма италийаг финсгутæй еуемæн æ царди æнахъæл бæнттæ æгæрон берæ дæр ма адтæй. Уæд æй æрахæссиуонцæ, уæд æй тæрхондони исмедæг кæниуонцæ... Æма си цæмæй фæййервазтайдæ, уой туххæй æй багъудæй æхе раримæхсæбаримæхсæ кæнун. Æма уайтæккæ райгъусиуонцæ æ циргъзунд зæгъдтитæ хецаудзийнади бæрзонддæр бунæтти багъути æма æхсæнади «æвзурстдæрти» туххæй. Ка 'дтæй еци адæймаг?**

а). Бомарше. б) Мольер. в) Гольдони.

**6. Устур Фидибæстон тугъди рæстæги сахар Свердловски син æдасдæр уодзæнæй, зæгъгæ, кæци советон музейи æрмæгутæ æрвист æрцудæнцæ?**

а) Третьякови галерейи. б) Эрмитажи. в) Уруссаг музейи.

* * *

Аци фарстатæбæл раст дзуæппитæ ба мухургонд уодзæнæнцæ нæ газети иннæ номери.

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 730. Заказ № 995.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 15.05.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 15.05.2026.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ нæ 'рвæтæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.